ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№148 (22.056) ● 2011 гъэм шыщхьэIум (августым) и 6, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●Къэрал къулыкъущIапIэхэм

КЪБР-м и Президентыр хэтащ Правительствэм и комиссэм Кисловодск щригъэкIуэкIа зэIущIэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен хэтащ Правительствэм и комиссэм и зэIущIэ УФ-м и премьер-министр Путин Владимир Кисловодск къалэм щригъэкIуэкIам. Абы щытепсэльыхьащ Кавказ Ищхъэрэм егъэджэныгъэм и Iэнатlэм зыщегъэужьыным, къэрал щIалэгъуалэ политикэр пхыгъэкIыным. Апхуэдэу зэIущIэм щыхэплъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм пыщIа Iуэхуэхэм.

КЪАНОКЪУЭ Арсен кьыщыпсальэм кьыхигъэщащ 2025 гъэм нэсыху Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ окр гъым иГэну социально-экономикэ зыужьныгъэм и Стратегиеу Урысей Федерацэм и Правительствэм 2010 гъэм фокIадэм и 6-м кьыдигъэкIа Унафэ № 1485-р-мкIэ къыщтам, 2025 гъэм нэсыху Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ окр гъым зэрызиужьыну Къэрал программэм и проектым япкъ иткIэ, а зэманым кьриуфыдзу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэр нэрылъагъуу япэкIэ зэрыкIуэтэнур.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мы зэманым щызэтеува социально-экономикэ щытыкIэм и гугъу щищым, КъБР-м и Iэтащхьэм кьыхигъэщхьэхуэкIащ республикэм и экономикэр иужьрей илъэсхэм зыужьныгъэ зэпIэзэрыгтым и гуэгум зэрытеувар. Кьапщтэмэ, иужьрей илъэситхум кьриубыдзу валовэ щыналъэ продуктыр зы цIыхум тещIыхьауэ хуэдитIкIIэ нэхьыбоэ хьуащ. Зэман кьэкIуэнум абы иджыри хуэдэ 4,5-кIэ, республикэм и бюджет зэгуэтым и хэхьуэхэр хуэдэ 4,6-кIэ, экономикэм и Iэнатlэм щылажьхэм я бжыгъэр хуэдэ 1,23-кIэ, предприятэ мыинхэмрэ предприятэ курытхэмрэ щылажьхэхэм я бжыгъэр хуэдэ 2,3-кIэ хэхьэн хуейщ.

«А мурадхэр зэгъэхьулIэным хуэунэтIащ республикэм щрагъэкIуэкI инвестицэ политикэр, - кьыхигъэщхьэхуэкIащ Кьаногъуэ Арсен. - Абы хеубыдэ бюджетым щымыщ мылькыр кьыхэзыгъэзэуIуэныжкIэ Iэмал нэхьыфIхэр зэтегъэувэным, нэхъ мыхьэнэщхэр зиIэу кьалытэ проектхэр гъэзэщIэным уней мылькымрэ щIалэм и мылькымрэ зэщIыгъуу хэльэныжкIэ хэкIыпIэщIэхэр кьэлытыхьауэныр. А псоми ятещIыхьауэ зэхальхьа инвестицие планым проектэ 235-рэ хохьэ икIи абыхэм яхэтщ нэхъ япэ игъэщIыхьэ инвестицие проектэ 26-рэ, псори зэхэту сом мелард 96,4-рэ я уасэу».

Президентым зэIущIэм хэтахэр щыгъуазэ ищIащ Iэщ комплекс инхэр щIыным, жыг хадэхэмрэ жьызум хадэхэмрэ хэсэным хуэгъэзэауэ иджыпсту республикэм щагъэзащIэ проектхэм. Кьаногъуэ Арсен апхуэдэу тепсэлыхьащ иджырей технологиехэм тету ильэс псом хадэхэдкIэр щагъэкI теплицэ комплексым и етIуанэ Iыхьэр мыгувэу хьэзыр зэрыхьунум. Джэдыпэ джэджьей льэпкъыдфIэр кьрагъэщын папщIэ кьагъэсэбэпыну джэдыкIэхэмрэ кьыщалэжьыну джэдкъэ фабрикэ ину тIур кьагъэщIэрэщIэжащ, мэкъумэшхэкIэхэм щелэжь иджырей Iэнатlэхэр лажьэу яутIыпщащ. Хьэзыр, ящIащ Щэрэдж Ищхъэрэ ГЭС-р гупым я ипщэ Iыхьэу мегаватт 65-рэ зи льэщагъыр (ГЭС гупыр хьэзыр хьумэ, абыхэм псори зэхэту электроквалрууэ мегаватти 120-рэ кьалэжьынущ). Лажьэу яутIыщащ ухуныгъэм ирахьэлIэ иджырей материалхэр (гипсокартон, ухуныгъэм кьыщагъэсэбэп гипс) щащ заводыр, нэгъуэщI ухуныгъэ зыбжанэ.

Республикэм и экономикэм зегъэужьыныжкIэ стратегие унэтIыныгъэ нэхьыщхьэхэм ящыщу КЪР-м и Президентым кьигъэлъэгъуащ республикэм и экономикэм и зэфIэкIкIэ кьалэтыныр. Дыз зэрыт ильэсым и накъыгъэ маэзм кьащтащ КЪР-м и промышленнэ комплексым 2025 гъэм нэсыху зэрызэужьыну Стратегиер, Ар гъэзэщIэным, апхуэдэу властым и федеральнэ органэм я дэпкъыкуныгъэм я фIыщIкIэ щэхуакIуэхэм хурагъащэ продукцэр хуэдэ 12-кIэ нэхьыбоэ зэхуэмыдэу икIи лэжьапIэ Iэнатlэщ мини 8 кьызэрагъэпэщынуф.

КЪР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапт Iэм и унафэщI.

● Дыгъуасэ

Егупъуу зыхуагъэхьэзыр

КЪБР-м и Унафэщ Кьанокъуэ Арсен дыгъуасэ ригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэр илъэс 90, къэрал, политикэ лэжьакIуэ щIэныIуэ, республикэм и япэ Президент КIуэкIуэ Валерий кьыззэралъхуэрэ илъэс 70 зэрырикъур гъэлъэпIэным зыхуэгъэхьэзырынымкIэ КьызэгъэпэщакIуэ комитетымрэ Правительствэ комиссэмрэ я зэIущIэхэр.

ЗЭХЫХЬЭМ и пэщIэдзэм абы кьыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Къэралыгъуэ зэригъуэтрэ блэкIа зэманыр кьэхъуакъащIэ зэмылIэужьыгъуэ куэдхэмкIэ гъэнщIауэ республикэм и тхыдэм зэрыхьихьар, ди кьэкIуэнымрэ зыужьныныгъэмрэ дежкIэ а псомэ мыхьэнэшхуэ зэрапIэр икIи а гуфIэгъэм хуэфащэу Iущ Iэн зэрыхуэр.

ИужькIэ щэнхабзэмкIэ министр **Фырэ Руслан** зэпкърыхауэ кьитеувыIащ махуэшхуэм хуагъэхьэзыр Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр зыхуэдэм. Абы кьызэригъэлъагъуамкIэ, планыр щызэхальхьэм министерствэхэм, ведомствэхэм, кьалэ, район администрацIэхэм кьыхальхьахэр кьалъытащ. ГуфIэгъуэ зэIущIэхэр, зэхьыхьэр, нэгуэгъэужь Iуэхугъуэхэр республикэм и дэнэ щIыпIи щекIуэкIынущ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэр гъэлъапIэныр шыщхьэIум и 31-м дублIэнурэ кьыкIэлъыкIуэ мазэхэми пытщнущ. Кьапщтэмэ, Урысей Федерацэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр ди щIэгъкуэну жэпуэгъуэм кьыкэтхьхьэну «Налшык Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и кьалащхьэщ» зыфIэтща фестивалым кьэралым и творческэ гуп пашхэр хэтынущ. ФокIадэм едгъэкIуэкIыну «стIол хуэрей» зэIущIэм республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр едгъэблэгъэнущ. «КЪР-м и Къэралыгъуэр илъэс 90 ирокIу» псалъащхьэм щIэту цIыхубэ ансамблхэм «Си Хэку Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ епIыныгъэм и кIэух концертыр ягъэлъэгъуэнущ, - кьигъэлъэгъуащ министрым.

Фырэ Руслан зэрыжиIамкIэ, Махуэшхуэм техуэ гуфIэгъуэ зэIущIэр щыщхьэIум и 31-м Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал Музыкэ театрым щызэхаубгъэнущ.

Апхуэдэу Налшык кьалэ администрацIэм и Iэтащхьэ **Хьэгъэс Залымджэрий**, ухуэныгъэмкIэ, архитектурэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министр **Кьулъытырбей Хьэчим**, къэрал кIуэцI IуэхуэмкIэ министру КЪР-м щыIэ **Васильев Сергей** сымэ кьызэхуэсахэр хагъэгъуэзащ мы Iуэхущхуэм зэрызыхуагъэхьэзыр, щIыпIэхэм шынагъэнщагъэр кьызэрыщызэрагъэпэщыну щIыкIэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президент КIуэкIуэ Валерий и юбилейр зэрагъэлъапIэнум и гугъу щищым, Фырэ Руслан кьыхигъащащ а Iуэхуэр зэрауб зыхуэм тету зэрекIуэкIыр, абы и лъэныкъуэкIэ Бахъсэн кьалэ округым и администрацIэм гъэкьыпхъэ кьызэримыгъанэр.

ЗэIущIэм зытепсэлыхьахэм техуэуа унафэ кьыщащташ. Абы хэтащ КЪР-м и Правительствэм и Тхьэмадэ **Геннадий Иван**, республикэм и Президентым и АдминистрацIэм и Унафэщ **Жаморэ Владимир**, Къэбэрдей-БалъкъэрымкIэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Вербицкий Алексей**, министрэхэр, кьалэ, район администрацIэхэм я Iэ тащхьэхэр, ирагъэблэгъа кьулыкъущIэхэр.

АРУАН Алий.

Къанокъуэ Арсен и жэрдэмхэр Путин Владимир къыдеIыгъ

ЭКОНОМИКЭМ, промышленностым, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм, хьэрычэт лэжьыгъэм, цIыхухэр зэIущIэнхэр республикэм и программэм хиубыдэу унагъуэхэмрэ сабийхэмрэ къэрал дэIэпыкъуныгъэ етыным хуэгъэза лэжьыгъэ пIыуныкIахэр зэрызэфIагъэкIыр. 2010 гъэм щIыху 1000-м ятещIыхьауэ республикэм сабий 14,6-рэ кьыщалъхуащ (Урысей Федерацэм ар зэрыщIыхьуар сабий 12,6-рэщ). Хэхауэ кьэгъэлъэгъуапхъэщ етIуанэ, ещанэ сабий зыгъуэт унагъуэхэм я бжыгъэм зэрыхэхьуар.

Республикэм щрагъэкIуэкI политикэм и гугъу щищIым КЪР-м и Президентым кьыхихьэщхьэхуэкIащ иужьрей илъэсхэм КЪР-м и бюджетым еша кьызэрыгъэпэщыжь и хэхьуэхэр зэIупIэзэрыту нэхьыбоэ зэрыхьур. 2005 гъэм елытауэ нэгъабэ абыхэм хуэди 3,5-кIэ хэхьуащ. Бюджетыр дотацэхэм зэрельытар процент 51-м нэблагъэу аращ икIи ар Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм елытауэ нэхъ мащIэ дыдэщ.

Республикэм и Iэтащхьэм кьыхильхьар зытещIыхьар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2012 гъэм хухахыну дотацэр 2009 гъэм щыIам, нэгъуэщI ужьпIэмэ, сом мелард 7,5-м, нэгъэсыжьынырц. Абы кьыдэкIуэу республикэм кьалэну зыхуегъэувыжь хабзэу зэрызэтеувам тету езым кьызэригъэпэщыжь хэхьуэхэр нэхьыбоэ ищIыну. «Мы Iуэхур дзгъэкIынымкIэ хэкIыпIэ хьуну кьыщIэкIынт Урысей Федерацэм и субъектэм я бюджетхэр кьызэрызэрагъэпэщар зэхуагъэхьужьын папщIэ дотацэхэр зэрытрагъащIэ методикэу Урысей Федерацэм и Правительствэм 2004 гъэм щэкIуэгъуэм и 22-м кьыдигъэкIа Унафэ №760-мкIэ кьыщтам зэхъуэжьынигъэхэр хэльхьэныр икIи Урысей Федерацэм и дэтхэнэ субъектми хухах дотацэхэр блэкIа ильэсым зэрыщытам хуэдэу кьагъэнэжурэ, ахъщэм и пщIэм кIэрыхуэм хуэдиз хущIагъынур», - жиIащ Кьаногъуэ Арсен.

КъыкIэлъыкIуэ Iуэхур зытеухауэ щытар федеральнэ мыпкъым хиубыдэ щIыхэр республикэм етыжынырц. Путин Владимир Урысей Федерацэм Экономикэ зыужьныныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм щIэрыль щищащ федеральнэ щIыхэр муниципальнэ мылькум зэрыхагъэхьэжыну щIыкIэр икIэщIыпIэкIэ игъэхьэзырыну. Абы и закъуэ республикэ бюджетым кьыIэрыхьэ хэхьуэр гъэ кьэс сом мелуани 150-м нэблагъэкIэ нэхьыбоэ ищIынущ.

ЩОКЪАРЭ Залинэ,
КЪБР-м и Президентым и пресс-секретарь - КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапт Iэм и унафэщI.

Етlуанэу къыдокI

Иджыблагъэ дунейм кьытехьащ «Къэбэрдей тхакIуэхэр» тхыльыр. Абы щызэхуэхьэсащ адыгэ тхакIуэхэм я лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэмрэ гъащIэмрэ уахэзыгъэгъуазэ тхыгъэ кIэщIхэр. Филологие щIэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м и доцент Абазэ Албэч Надышь 1999 гъэм кьыщыдигъэкIауэ щыта и тхылъым хэлэжьыхьажщ, тхыгъэщIэхэри хигъэхьэри, Къэрэшей-Шэрджэсым кьыщыдигъэкIыжауэ аращ мыр.

ТХЫЛЪЫР топсэлъыхь къэбэрдей усыгъэм и зэхэублакIуэ ПащIэ Iэчмырзэ деж кьыщыщIэдзауэ иджы дыдэ ди литературэм кьыхьыха тхакIуэ ныбжьыщIэхэм дежэу ди литературэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIахэм я гъащIэмрэ Iэдакъэщ Iэкl-хэмрэ.

Абазэ Албэч и лэжьыгъэм Iыхьэ щхьэхуэу хэтщ иужьрей илъэс пщыкIуэым ди литературэм кьыхьыха тхакIуэ ныбжьыщIэхэр уэзыгъэцIыху тхыгъэхэри. Тхылъым нэхъыбоэу зыхуэгъэзар еджапIэ нэхъыщхьэхэм, колледжхэм, лицейхэм щезыгъаджэхэмрэ щеджэхэмрэщ, ауэ ар щхьэпэ хуунущ щIэныгъэлъэIэм, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм, адыгэ литературэм и тхыдэр, ноби Iуэху зытетыр зыджыну зыфIэфI дэтхэнэ зыми дежкIэ.

Мыпхуэдэ лэжьыгъэрэм кьыхьыха тхакIуэ ныбжьыщIэхэр уэзыгъэцIыху тхыгъэхэри. Тхылъым нэхъыбоэу зыхуэгъэзар еджапIэ нэхъыщхьэхэм, колледжхэм, лицейхэм щезыгъаджэхэмрэ щеджэхэмрэщ, ауэ ар щхьэпэ хуунущ щIэныгъэлъэIэм, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм, адыгэ литературэм и тхыдэр, нобэ и Iуэху зытетыр зыджыну зыфIэфI дэтхэнэ зыми дежкIэ.

Мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр кьэбгъэщIэрэщIэжу, пIалъэ-пIалъэкIэрэ кьыдэгъэкIыным хэль сэбэпынагъым щыхьэт тохъуэ Абазэ Албэч и лэжьыгъэр.

АБЗУАН Пщымахуэ.

● ТхылъыщIэ

Дуэхуэщ рекIуэлIакIэм

Хэхыныгъэ топсэлъыхь

АБХЪАЗ. *Республикэм и президент кьулыкъум и кандидат Аиквэб Александр Iущащ Абхъазым щыхьэщIэ, Приднестровьем къэралщIыб Iуэхуэхэмкlэ и министр Къэребчак Владимир. Ахэр тепсэлъыхьащ къэралитым я зэныщIэныгъэхэм аджIи зэрыраГъуэжьыным.*

АНКВАБАлександр хэхыныгъэ компаниер зэрякIуэкIым хьэщIэр щыгъуазэ ищIащ, ар хабзэм, демократие пщалъэм тету зэрыщIэфIэкIынуф и фIэщ зэрыхъури жиIащ.

Ястребчак кьызэрыхигъащIамкIэ, Абхъазым и унафэщIхэм кьызэрыгъэблагъэм ипкъ иткIэ, Тирасполь и лIыкIуэхэр я зэхэныгъэхэм кIэльыплъакIуэу хэтынущ.

ПсэупIэкIэ кьызэрагъэпэщ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм щыIуащ унэтIыныгъэ 30-м фэтхрэкIэ щыхухах Правокубанск къуажэм щыхуэу, кьатитиху хуу унэм.*

УХУЭНЫГЪЭРИльэсым и кIэм ирихьэлIэу зэфIагъэкIынущ икIи фэтэрхэр «2011 - 2015 гъэхэм унагъуэщIэхэр псэупIэкIэ кьызэрагъэпэщын» республикэ программэм хтхэм трагуэшэнущ. ПсэупIэхэр кьращэхун папщIэ мы гъэм субсидиехэр яIэрыхьэнущ республикэм щыщ унагъуэщIэу 180-м. А Iуэхум сом мелуан 70 хухахащ.

ЛэжьыгъэIуэхукIэ

АДЫГЕЙ. *Республикэм и Iэтащхьэ Тхьэкlуащыпэ Аслъэндзэрий гъэжьыгъэ Iуэхуэкlэ хуэзащ Къэрал Советым - Хасэм и тхьэмадэ Федорко Федорэ «Урысей гъэкIуэт» политпартым Адыгейм щIэ и къуэдамэм и секретарь Гъыз Мухьэмэдэр. Абы кьрихьэлIащ республикэм и премьер-министр Къумпыл Мурат.*

АХЭР тепсэлъыхьащ Урысейпсо цIыхубэ фронтым жылагъуэр кьыхэщэным пыщIа Iуэхуэгъуэхэм, УФ-м и Къэрал Думэм и хэхьныгъэ кьапэщIытхэм, щыналъэм и экономико-социальнэ зыужьныгъэм.

ТхьэкIуащынэм жиIащ республикэм и кьэкIуэнымрэ абы и зыужьныныгъэмкIэ власти и гъэзэщIакIуэ, хабзэгъэуэ Iэнатlэхэм зэхуэдэ жэуап зэрахьэр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Тырку правительствэм и унафэ

2011 гъэм накъыгъэм и 24-м Тырку правительствэм кьищта унафэм ипкъ иткIэ, Урысеим и щIыхуэр визэ ямыIэу а къэралым зэрыщIэхьуну пIалъэр махуэ 30-м щегъэжьауэ махуэ 60-м нэсу хигъэхъуащ. Ауэ къэлъытэн хуейщ махуи 180-м кьриубыдэу ди щIыхуэр визэншэу Тыркум зэрыщIэр махуэ 90-м щIигъу зэрымыхьунур.

Мы унафэр яхуэгъэзащ къэралым икIыну хуит зэращ паспортэр зиIэ урысей цIыху псоми, абыхэм визэ ямыIэу кIуауэ иджыпсту а къэралым щыIэкIэ яхэту.

Тырку правительствэм и унафэм дызэрыт илъэсыр нухьыу кьару иIэнущ.

Республикэм и цIыхухэу пщIэ зыхуэтщIхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и деж жэщми махуэми щолажьэ корупцэм теухуауэ хьэбар зэрелъагащIэ хьуну телефонэр.

ВЛАСТЫМ и лIыкIуэхэм яIыгъ щхьэ Iуэхуэкlэ кьызэрагъэсэбэпым, лэжьыгъэм екьэла, уголовнэ законодательствэр кьызэрызэпаудым фыщыгъуазэ зэрэщ, а телефонэмкIэ Администрацэм и лэжьакIуэхэм захуэвгъазэ хьунущ. Хэлъщыбу фыщыну фызытешыныхь Iуэху гуэрхэм фытепсэльыхьынумэ, КЪР-м и Президентым и Администрацэм и лэжьакIуэхэм зыкьыфпащIэ зэрыхьуну телефоныр кьэвгъэльагъуэмэ зэфIэкIынущ. ЦIыхухэм кьабгъэдэкI дэтхэнэ хьыбарри урысей законодательствэм кьызэрызэгъуэвым тету зэхагъэкIынущ хабзэхьумэ, кьэпщытакIуэ органхэм. Хьыбарыр кьызыбгъэдэкIар хэлъщIыну ящIынукьым.

Телефонэр: 8(8662) 47-17-79, 47-32-56.

● Къэбэрдей-Балъкъэр ● Къуаздж ● Спорт

КЪЭБЭРДЕЙ

Щэбэт къыдэкIыгъэ ● Малъхъэдис

● Футбол

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Рубин» (Къэзан)

Налшык. «Спартак» стадион. Щыщхьэ1ум и 7. Сихьэт 17-рэ дакъикъэ 45-м.

Гу зылъытапхъэ

Республикэм и цIыхухэу пщIэ зыхуэтщIхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и деж жэщми махуэми щолажьэ корупцэм теухуауэ хьэбар зэрелъагащIэ хьуну телефонэр.

ВЛАСТЫМ и лIыкIуэхэм яIыгъ щхьэ Iуэхуэкlэ кьызэрагъэсэбэпым, лэжьыгъэм екьэла, уголовнэ законодательствэр кьызэрызэпаудым фыщыгъуазэ зэрэщ, а телефонэмкIэ Администрацэм и лэжьакIуэхэм захуэвгъазэ хьунущ. Хэлъщыбу фыщыну фызытешыныхь Iуэху гуэрхэм фытепсэльыхьынумэ, КЪР-м и Президентым и Администрацэм и лэжьакIуэхэм зыкьыфпащIэ зэрыхьуну телефоныр кьэвгъэльагъуэмэ зэфIэкIынущ. ЦIыхухэм кьабгъэдэкI дэтхэнэ хьыбарри урысей законодательствэм кьызэрызэгъэувым тету зэхагъэкIынущ хабзэхьумэ, кьэпщытакIуэ органхэм. Хьыбарыр кьызыбгъэдэкIар хэлъщIыну ящIынукьым.

Телефонэр: 8(8662) 47-17-79, 47-32-56.

Псалъэмакъыншэу икIи къаугъэншэу

Урысейм и Президент Медведев Дмитрий жиIащ Курыжым и цIыхуэр визэншэу УФ-м къигъэкIуэну Москва зэрыщызэрыр.

«Арщхьэкlэ, абы и Iуэхукlэ Урысейм и унафэщIхэр зэпсэльэн Тбилиси щагъэтырыкъым», - къыхигъэщхьэхуэкIащ УФ-м и Iэтащхьэм. Медведев Дмитрий журналистхэм ягу къигъэкIыжащ иджыблагъэ къэралитIыр кьхъуэльатэхэмкIэ зэпыщIа зэрыхъужар. Урысеим и Президентыр щогугъэ УФ-мрэ Куржымрэ я зэхуакъу кьаугъэ гуэри кьыдэмыхьуэжыну, Саакашвили унафэр Iэщ1эльми. «Абы дерсыфI игъуэтащ», - щигъужащ Медведев Дмитрий. Куржыр, Абхъазыр, Осетие Ипщэм зэпсэльэным Урысей Федерацэр зэрителъхьэр икIи абы зыкIи зэран зэрыхуэмыхьунур кьыхигъэщащ абы.

Ягъэ дыдэу

Таиландым и тхыдэм щыягъэу къэралым и премьер-министр хьуащ цIыхубэ. Правительствэм и унафэщIу хахащ илъэс 44-рэ зи ныбжь Чинават Йинглак.

Бзыльхугъэр а кьулыкъум хахащ ар зи Iэтащхьэ партым Таиландым и парламентым бжыгъэр щиубыда иужь.

Премьер-министрыщIэр къэралым и Iэтащхьэ щыта Чинават Таксин, 2006 гъэм зауэлIэхэм традзам икIи мы зэманым нэгъуэщI щыналъэм щыпсэуам, и щыпхьэщ.

Зи гугъу тщIы бзыльхугъэр Таиландым и правительствэм и унафэщIу зэрыхахам фIы кьыпэкIуэну куэд щогугъ.

Мы махуэхэм

Щыщхьэ1ум и 6, щэбэт

♦Хиросимэ и махуэщ. Ядернэ Iэщ1эр кьагъэсэбэпыну хуит мыщIыным теухуауэ ирагъэкIуэкI бзэнэныгъэм и дунейпсо махуэщ. 1946 гъэм щыщхьэIум и 6-м США-м и авиацэр Японием и Хиросимэ кьалэм атом бомбэкIэ еуащ.

♦«Дохутырхэр мамырыгъэм и телъхьэщ» дунейпсо махуэщ. Хиросимэ атом бомбэкIэ щеуа махуэм егъэщIылIауэ игъэуващ «Дунейм и дохутырхэр ядернэ зауэ хьэмыхьуным щIобэн» дунейпсо зэщIэхъеенныгъэм.

♦Гъущ1 гъэугудзэхэм я махуэщ.

Щыщхьэ1ум и 6 - 7-хэм) совет кьхъухьлъатэзехуэ-космонавт Титов Герман «Восток-2» кьхъухьмкIэ дунейм щыпсу зы жащ-махуэкIэ уэгу жьжьм итащ.

♦Илъэси 130-рэ и пэкIэ кьалъхуащ инджылыз микробиолог, пенициллиныр кьэзыгупсыса, Нобель и премие угъэтым физиологиемрэ медицинэмкIэ и лауреат **Флеминг Александр** (1881 - 1955).

Щыщхьэ1ум и 7, тхьэмахуэ

♦Урысей Федерацэм щагъэлъапIэ гъущ1 гъэгу лэжьакIуэм и махуэр.

♦Куржым и дзэр ильэсищ и пэкIэ теуауэ щытащ Осетие Ипщэм. Республикэм кьыщхьэщыжащ мамырыгъэр зэтезыщIэзу урысей кьарухэр.

♦Дуней альпинизмыр кьыщежьа махуэщ. Ильэс 225-рэ ипэкIэ франджыхэу Бальма Жакрэ Паккар Мишельрэ дунейм щыяпэу дэкIащ Кьуэкlыпl Европэм и Альп бгъэхэм я нэхъ льагэ Монблан.

Щыщхьэ1ум и 8, блыщхьэ

♦АСЕАН-м и махуэщ. 2005 гъэ лъандэрэ ар щагъэлъапIэ а зэгухьэныгъэр кьызэзыгъэпэща къэралипщIым.

♦Ильэс 70 и пэкIэ (1941) СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым, СССР-м и Цыхубэ Комиссархэм я Советым, ВКП(б)-м и ЦК-м я Унафэкlэ СССР-м Iэщакlэ Зэщ1эуэзда и Къаруэм я Унафэщ1 Нэхъыщхьэу ягъэуващ Сталин И. В.

Пlалэнэр зыгъэхьэзырар ШАЛ М ухьэмэщIу.

Лъэпкъ Iущ1ыгъэ:

Зи псалъэ кIэщIым и бзэр IэфIщ.

Етlуанэ щыпсу Боливиер и гуфIэгъуэщ. Къэралыр щхьэхуэу щыхъуа махуэщ (1825).

♦Илъэс 50 и пэкIэ (1961 гъэм щыщхьэIум и 6 - 7-хэм) совет кьхъухьлъатэзехуэ-космонавт Титов Герман «Восток-2» кьхъухьмкIэ дунейм щыпсу зы жащ-махуэкIэ уэгу жьжьм итащ.

♦Илъэси 130-рэ и пэкIэ кьалъхуащ инджылыз микробиолог, пенициллиныр кьэзыгупсыса, Нобель и премие угъэтым физиологиемрэ медицинэмкIэ и лауреат **Флеминг Александр** (1881 - 1955).

♦Куржым и дзэр ильэсищ и пэкIэ теуауэ щытащ Осетие Ипщэм. Республикэм кьыщхьэщыжащ мамырыгъэр зэтезыщIэзу урысей кьарухэр.

♦Дуней альпинизмыр кьыщежьа махуэщ. Ильэс 225-рэ ипэкIэ франджыхэу Бальма Жакрэ Паккар Мишельрэ дунейм щыяпэу дэкIащ Кьуэкlыпl Европэм и Альп бгъэхэм я нэхъ льагэ Монблан.

♦АСЕАН-м и махуэщ. 2005 гъэ лъандэрэ ар щагъэлъапIэ а зэгухьэныгъэр кьызэзыгъэпэща къэралипщIым.

♦Ильэс 70 и пэкIэ (1941) СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым, СССР-м и Цыхубэ Комиссархэм я Советым, ВКП(б)-м и ЦК-м я Унафэкlэ СССР-м Iэщакlэ Зэщ1эуэзда и Къаруэм я Унафэщ1 Нэхъыщхьэу ягъэуващ Сталин И. В.

Пlалэнэр зыгъэхьэзырар ШАЛ М ухьэмэщIу.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэм ящыщу зэман пыухыкІам темыщІыхьа лэжьэгъуэ махуэ зыхуагъэувхэм я спискэр кЭэщтэным, я лэжьэгъуэ махуэр зэман пыухыкІам зэрытемыщІыхьам кхыхэкІы ахъшэ пэкІуэу зыгъэпсэхугъуэ зэманым хущІагъу махуэ бжыгъэр кЭэщтэным я Іуэхугъэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Урысей Федерацэм и Лэжьыгъэ кодексым и 101, 119 статьяхэм япкъ иткІэ **унафэ щІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэм ящыщу зэман пыухыкІам темыщІыхьа лэжьэгъуэ махуэ зыхуагъэувхэм я спискэр (адзкІэ - Спискэр) мы Указым щІигъур кЭэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэу Спискэм къыщыгъэлъэгъуахэр зыЫгъэхэм я лэжьэгъуэ махуэр зэман пыухыкІам зэрытемыщІыхьам кхыхэкІы ахъшэ пэкІуэу гъэ къэс я зыгъэпсэхугъуэм махуибл яхущІыгъун.

3. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м
№116-УП

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м къыдигъэкІа Указ №116-УП-мкІэ кыщытащ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэм ящыщу зэман пыухыкІам темыщІыхьа лэжьэгъуэ махуэ зыхуагъэувхэм я спискэр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентыр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ыр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1ыр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъэншагъэмкІэ и советым и Секретарь

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ кьуэдэгъ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и кьуэдзэр.

КъБР-м и полицэр зэхагъэувэ

Къэрал кІэуцІ ІуэхуэхэмкІэ министерствэу КЪБР-м щыІэм аттестацІэ лэжьыгъэр щыізэфІэкІащ. Абы кърикІуахэм щыІгъуазэ дещІ КЪБР-м кІэ МВД-м унафэщІхэм ядэлэжьэнымкІэ и Іэнатіэм и унафэщІ Бейтыгъуэн Заур.

- УРЫСЕЙ Федерацэм и Президентым 2011 гъэм гъатхэпэм и 11-м къыдигъэкІа «Урысей Федерацэм къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ и Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я зи мычъэу аттестацІэм и Іуэхуэкіэ» унафэм, мы гъэм мазаем и 7-м къащта «Полицэм теухуауэ» Федеральнэ законым (54-нэ статьяІ), гъатхэпэм и 22-м Урысей МВД-м и «Урысей Федерацэм къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ и Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я зи мычъэу аттестацІэм и Іуэхуэкіэ» унафэм япкъ иткІэ 2011 гъэм мэкъуаУэгъуэм и 18-м щыщІэдзауэ бадзэуэгъуэм и 25 пщІондэ КЪэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ министерствэу республикэм щыІэм и лэжьакІуэхэм я аттестацІэ екІуэкІащ.

КЪэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ щІыналъэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэм я процент 70-р, КЪБР-мкІэ МВД-м и аппаратым и унафэщІкІэм я процент 80-р щІэуэ яГэуващ.

Зыпэрыувэ къулыкъуэм елъытауэ, дэтхэнэ лэжьакІуэхэм психологие, психофизиологие зэпщІэтэныгъэхэм пхыкІащ, абы полиграф Іэмэпсымэхэри къыщагъэсэбэгъу. Лэжьакіуэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ яІэ хэхъуэм теухуа дэфтэрхэри къалъытащ.

Бадзэуэгъуэм и 25-м аттестацІэм псори къызэщІиубыдащ. Абы пхыкІащ икІи полицэм и Іэнатіэхэм къулыкъу щрахьэкІыну лэжьакІуэ 5042-м, къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ Іэнатіэм - 644-м, юстицэмкІэ Іэнатіэм - 229-м чэнджэщ ираташ.

МВД-м щІыкІэкІ зэхъуэкІыныгъэхэр нэхъыщхьэу зыхуэунэтІар полицэмрэ жылагъуэмрэ я зэпыщІэныгъэр гъэбдэнырщ. ЦІыхухэм я Іуэху елтыкІэрщ ипэжьпІэкІэ полицэм и лэжьыгъэр зыхуэздэр къэзыгъэльагъуэр.

КЪэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ Іэнатіэм щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэм жылагъуэр яфІэгъэщІэгъуэну кІэлъыплъащ. ЦІыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ хъумэныр гъэлъэщІынымк зэуэнэтІа иджыйрей зэхъуэкІыныгъэхэм хуэдэ хабзэхъуэмэ Іэнатіэхэм зэш щекІуэкІакъым.

УАРДЭ Жантинэ.

●Гъуазджэ

Гъэльэгъуэныгъэм кърихьэлІаХэр.

Шэхум и плъыфэхэр

Іэпкь музейм щагъэлъагъуэ суратыщІ Индрис Залымхъан и Іэдакъэщ1экІэхэр.

ЦЫХ УШХУЭ къызрихьэлІа выставкэр КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Ремэн Елена** къыщызэІуихым, Индрис Залымхъан и ныбжькІыр илъэс 70 зэрырикъумрэ и Іэдакъэщ1экІхэр утыку къызэрихьамрэ папщІэ, узынщагъэ, екъуалІэныгъэ, дэрэжагъуэ щыІмы щІэну екъуэхъуащ, зи лы-кІуэ министерствэм и Щ1ыхь тхылъыр тыгъэ хуищІащ.

Лъэпкъ музейм и унафэщІ **Накуэ Феликс** кьыхигъэщащ республикэм и щІыналъэпс къулейр, гъэм и зэманхэр, дунейм и дахагъэр къыщыгъэлъэгъуэ лэжьыгъэ гъэщІэгъуэнхэр псэм зэриГуапэр икІи захэр щІыху куэдым яГу зэрынэсынум шэч къызэзыритримыхьэр.

- Си ныбжьэгъуэ илъэс 70 зэрырикъумрэ и Іэдакъэщ1экІ сурэтхэр зэрирагъэлъагъуэрэ папщІэ си гуапэу сокъуэхъу, - жиІащ ауэ дорожник щІэрыІуэ **Пащты Герман.** - Залымхъан и іэжьыгъэхэр щигъэкъэзыркІэ кьигъэсэбэп энкаучикэ Іэмалыр (шэхумрэ лэчыжрэ зэгъуэсэу) гъэщІэгъуэнщ икІи а щІыкІэм тету яГуа сурэтхэр илъэс мин бжыгъэкІэрэ зыри кьащымыщІу кьагъуэгурыкІуэнщ.

- Зэм хьагъуэлІыгъуэ джэгум, зэм шыгъажэм хэт, зэм нэгъуэщІ Іуэхуэгъуэм хэту Іэдакъэщ1эгъуэ и лъэпкъэгъуэм я хабзэмрэ я псэукІэмрэ Залымхъан ящІу и сурэтхэмкІэ ди пащхьэ кьрехьэ. Псом хуэмыдэжу сурэтыщІыр хуэІэкІуэльащІэуэщІ республикэм и щІыналъэпсым и дахагъэр кьэгъэльагъэуным, - жиІащ УФ-м и художникэм я зэгуэхьныгъэм и щІынатІэ кьудамэм и правленэм жуэап зыхъ и секретарь **Сыныдыку Нелли.** - Республикэм и жылагъуэ Іуэхущапіэхэмрэ псэупІэ унэхэмрэ ирагъэдахэ Индрис Залымхъан и лэжьыгъэхэм. Абыхъм щыщхэр хэтащ ди щІыпІэм и музейхэм я Фондэм, Урысеим и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щІэ галлереехэм щагъэльагъуэ.

Залымхъан зыгъэгъэнымрэ зыкъэрезыгъэхъэлІа псоми Индрис Залымхъан фІыщІэ яхуищІащ.

Мы художникым щыгъэкІэ жаІэнур сфІэгъэщІэгъуэну, абы и лэжьыгъэхэр кьаэзэрыщІыхьуэм теухуауэ сахэупщІыхьащ кьэкІуэлІаХэм.

Бэлэтокъуэ Светэ, журналист:

- Индрис Залымхъан кьигъэсэбэп Іэмалым зезыпщІытырыр мащІэ дыдэщ. И лэжьыгъэхэр езым зэхилъхьэжа щэхуКІэ зэригъэхъэзырым кьыхэкІыну, илъэс мин бжыгъэкІэ зекІэнутщ, псыхьэхэрщ, уафэ кьащхъуэмрэ щІылъэ щІхъуантІэмрэщ, адыгэ лъэпкъым ехьэлІа Іуэхугъуэ куэд кьызэщІеубыдэф, и шы кьыдаНхэр псэ яІутым хуэдэу, тетыыдкэу ди пащхьэ кьрехьэуэ. Си адэм шы и куэдти, Залымхъан кьуаажэм нэкІкъэжа нэужь, фІэгъэщІэгъуэну якІэлъэпыпытырт. Іэ ядилъэрт. Иджы ди мальхъэм и лэжьыгъэхэм си адэм и фэ язоплъ. Мы сурэтхэм ящыщ дэтхэнэри сфІэтелыдыжащ, захэр зи Іэдакъэщ1экІэм и гупсысэкІэр, и дуней тетыкІэр наІуэу яІубольагъуэ.

ТЕКІУЖЬ Зарет.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Индрис Залымхъан и Іэдакъэщ1экІыр.

ИУАН Владимир Шамисэ и къуэр

Щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ я лэжьакІуэхэм, театрелІэхэм, республикэм щыпсэуХэм щыщІэущ актерым и гуащІэм щыгъуазэхэм гущІыхьэ ящыхьуащ КЪБР-м, Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ я артист, уэрэдус, тхакІуэ, цІыку Іуэзэджэ Иуан Владимир Шамисэ и къуэр дунейм зэрехьжар. И ныбжьыр илъэс 68-м ситу щыхьэІуэм и 3-м ІащІ Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актер пажэр.

Иуан Владимир 1943 гъэм щэкІуэгъуэм и 22-м къалъуащІ. Щысабийм къыщыщІадзауэ артист хъуну зи нэ къикІ щІалэм и ныбжьыр нэсри, зыщІэхуэпс Іэщіагъэр хъыхиат. Абы и творчествэм щыгъуазэхэм жаІэфынуц ар абы кьызэрыхуигъащІар, сценэм щыхуэзфІэкІар зыщІэхэм я дежкІэ хьэкъщ зэрымыщІэкІэ ар артист хъуауэ зэрыщымытыр.

Щукинымк и щІэр зэрихьэу Москва дэт театр училищэм 1970 гъэм яГэкІуауэ щыта адыгэ студием щыщт Владимир. Лъэпкъ театрым и лэжьакІуэхэм я курыхьу убжкІэ уцымыдзу гуп дагъэльым къэзыгъэлъагъуэ нэхъыщхьэр кьаухри 1975 гъэм кьагъэзэжат. Ди къэралым и кьалащхьэм щыщІа илъэсхэр, гупым и старостэу щыщытым хуэзфІэкІахэмрэ ищІахэмрэ тепсэлъыхьну фІэфІт Иуаныр. Псальэм папщІэ, Владимири абы деджэхэми я напщІэм телът щыстудентым щыгъуэ яГэувауэ щыта спектакль купщІафІэхэр. Абыхъм щыщыу Шолохов Михаил и «ЦІыщІэ къэІэтам» Майданников Кондрат и ролыр щІэгъэзэщІащ Владимир, диплом лэжьыгъэу щытахэу Горький Максим и «Мещане»-мрэ Шекспир Уильям и «12-нэ жащ»-мрэ хэтащ.

Къапщтэмэ, Адыгэ театрым щыщыщІежьа илъэс 36-м кьриубыдэу роль 80-м щІигъу игъэзэщІащ Владимир. Ар щыдэжгъащ Шортэным и «Партым и лІыкІуэ», «Яшэмрэ къэзыщІэхэмрэ», «КъулыкъущІэкъуэхэр», Богдановым и «ТЪэмыж», Іутіыжьым и «Гыргъэтауэ», «Хьэцащэ дахащэ», куржы драматург Митуа и «Хьыджэбзих къыдэнэжаХэмрэ зы цІыкъуХэр», Островскэм и «Хэйуэ мысэ хъуэхэр» спектаклхэм, нэгъуэщІхэми. ЖыпІэнуракъэ, Иуан Владимир комедиеми, трагедиеми, трагикомедиеми зэрыщыщджэгуфын зэфІэкІ иІэт.

Театрым щыгъэзэщІа ролхэм я мызакъуэу, цІыкухэр къызэрыдихьэх нэгъуэщІ Іуэхущафэхэри иІэт Владимир. Хэт зымыщІэжыр балалайкэмкІэ дежьуэ абы жиІэу щыта узэрэдхэр?! Ешьм иуса защІэт ахэр, зыгъэпІейтей, зытегущэвыхь, зыгъэгушхуэу къызэщІэзыІэтэ Іуэхугъуэхэм теухуауэ итхауэ. Апхуэдэхэщ цІыкухэм гуимыхуж ящыхьуа «Къабл», къабл, уэ си вагъуэ», «ФІыпьагъуныгъэр щымыІаМэ», «Иугъащ1э самопалым» жыхуиІэхэр, нэгъуэщІхэри. Апхуэдэ уэрэду 50-м щІигъу къыщІэкІащ Владимир и къалэмыпэм.

И усэхэр, уэрэдхэр щызэхуэхьсауэ тхыльэ зыбжанэ къыдигъэкІащ абы. Ахэр и ныбжьэгъухэм, Іыхьлыхэм, и гуащІэм дихьэхэм тыгъэ яхуищІырт, фэепІу къызэрыхуэнэнум егупсысу.

Иуан Владимир хужьпІэныр гъунэжщ, псори фІы защІу. Псом нэхъ нэхъыщхьэращи, уригушхуэ хъунущ апхуэдэ актер адыгэ театрым зэрыщыпэжьым. И хьэл-щэнкІэ зэпІэзэрыпт, къыхуагъэфащэ ролхэр егуГуу игъэхьэзырт, и бзэр гурыІуэгъуэфІэт, и псэр гуапагъэкІэ псыхьат. Псэуху хуэпэжащ ар лъэпкъ театрым. И ролхэмкІи, и тхыгъэхэмкІи, и гушыІэкІэ дахэмкІи, и тепІэмкІи цІыкухэм я гум кьина Иуан Владимир и фэепІэ нэхур пщІэ хуищІу адыгэ лъэпкъым куэдрэ ихьу-мэнщІ Зыщ псомк диГу кьэуар: абы хуэфІэкІыну щытам и ныкъуи илэжьыну Іэмал иГэкІуащ.

КЪБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэ. «Адыгэ псалъэ» газет.

●Футбол

Ди лъахэгъуэхэр Красножан иреджэ

Урысей Федерацэм футболымкІэ и еТуанэ командэ къыщхьэх и тренер нэхъыщхьэу иджыблагъэ яГэува, Спартак-Налшыкым и унафэщІу ильэс зыбжанэкІэ щыта Красножан Юрэ и гъэсэнхэр ящу блыщхьэ дызыхуэкІуэм зэхуешащ.

МЭЗКУУ и «Локомотив»-м и тренер нэхъыщхьэ къулыкъум къытрагъэкІа нужькІэ, Красножан Юрэ куэдрэ лэжьыгъэншэу щысащым. Абы дзыхь къыхуащІащ нэхъапэм щымыІауэ, иджы щызэрагъэпэщ УФ-м и еТуанэ командэ къыхэхар игъэсэну. ГупыщІэм и къаэнэ къэралым и командэ нэхъыщхьэм хэтынухэр игъахьэзырыну, абыхэм я зэфІэкІыр зэхигъэкІыну.

Урысей Футбол Зэгухьэныгъэм и официальнэ сайтым иджыблагъэ къыралъхьащ Красножан иригъэблагъэхэм я унэщІэхэр. Абыхъм яхэтщ Новгород Ищхьэрэм и «Волга»-м и гъуащхьэхьумэ ди лъахэгъу Джатэгъэжь Иналэ, «Спартак-Налшыкым» и гуащІэхьэхъумэныкъуэ Концедалов Роман, Самарэ и «Крылья Советов»-м и капитан прохладнэдэс Таранов Иван. Къэралым и еТуанэ командэ къыхэхам къыщыкъэмыщІауэ ныхьащ футболист цІэрыІуэ Рыжиков Сергей, Касаёв Алан (тІури «Рубин»-м щыщІ), Шунин Антон («Динамо»), Набабкин Кирилл (ЦСКА), Файзулин Виктор («Зенит»), Комбаров Дмитрий, Дзюбэ Артём (тІури «Спартак»-м щыщІ) сымэ, нэгъуэщІхэри, Шыщ1хьэІум и 10-м абыхэм Урысей Федерацэм и ЦІалэгъуалэ гуп къыхэхам зэныбжьыгъуэгъуэ зэІуцІэ Новгород Ищхьэрэм къалэм щыдрагъэкІуэкІынущ.

ХЬЭТАУ Исл1ам.

●Пресс-конференцэр

Олимп дыщэ медалым - сом мелуан

***Спортым и олимп ІэуужьыгъуэхэмкІэ Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам хэтхэм зэхьэзыгъэхьэмщІыкІуэ уиштхэм тещІыхьауэ КЪБР-м и спортсменхэм хуэсьуэ ахьшэ саугьэтхэр ящІыгъуэжьмкІэ, ахэр зэрыритыну теухуауэ КЪБР-м и Президентым кьыдигъэкІа указым щытепсэлъыхьащ республикэм Спортымкіэ, туризмымрэ курортхэмкіэ и министерствэм иджыблагъэ щекІуэкІа пресс-конференцым.**

- УРЫСЕЙ, Европей, дунейпсо чемпионатхэм, Олимп Джэгуэхэм ехьулІэныгъэ щызыІэрызыгъэхьэ ди спортсменхэм ират ахьшэ саугьэтхэр мы гъэм щІыщІэм и 1-м щыщІэдзауэ хуэдитІкІэ яГэбэгъуащ. КашІэштэмэ, Олимп Джэгуэхэм япэ увыпІэр къыщызыхьым сом мелуан, дыжьын медалым папщІэ сом мин 750-рэ, ещанэ увыпІэр зыпльым - сом мин 500 иратынущ. Олимпиадэхэм, дунейпсо чемпионатхэм зэрыхэтам папщІэ спортсменхэм сом мин 250-рэ яІэрыхьэнущ. ЕхьулІэныгъэ зыІэрызыгъэхьа спортсменхэм я тренерхэм иратынущ абыхэм я саугьэтым и зэхуэдитІым хуэдиз, - жиІащ пресс-конференцыр ешІэныгъэкІа министр **АфІэунэ Аслъэн.**

- Кьаноковым Арсен Физкультурникым и махуэм - щыщхэІум и 13-м дгъэлъэпІэжьмэ - ирихьэлІэу зэрыщыту спорт зэгухьэныгъэм кьытхуищІа тыгъэльапІэщ ар, - кьыхэгъащІащ АфІэунэм. - Си фІщІ мэхъу республикэм и Президентым еш имыІэу кьытхуищІ гулытэм ди спортсменхэр лъагаПІэщІэхэм зэрытригъэгушхуэнур.

- Илъэс 18 - 19 ныбжьым уиту апхуэдэ ахьшэ саугьэтхэр кьыпІэрыхьэныр гушхуэныгъэ инщ. Дэтхэнэ спортсменым дежкІи гуапэщ и ехьулІэныгъэхэм хуэдизкІэ гушхуэнущ ныр, ар даІыгъыныр. Абы и закъуэкъым, я сабийм кьыхуащІа пщІэм сыт хуэдэу ирипагъэр, игъэгуфІэр абы и адэ-анэр. Республикэм и спортсменхэм я щІэкІэ сыт щыгъуэ зыкьытІэзыгъакІуэ КЪБР-м и Президентым ину фІыщІэ хуэщІ, - жиІащ Іуэхущапіэм и псальэмакъым кьыпльыща альдж-рым бэнэкІэмкІэ олимп чемпион **Хъущт Аслъэнбэч.**

ДяпэкІэ екІуэкІыну дунейпсо чемпионатым хэтыным теухуауэ Хъущт Аслъэнбэч журналистхэр щеупщІым жиІащ:

- Ильэсыр си дежкІэ гугъуу кьыщІидзащ. Подгубгим и фэепІэ зхьэхэхуэмэрэ Урысей чемпионатымрэ я ІэпыІэгъуэ зэхуэдитІым ящыщ зэрыхэтыным хэхаУ хущІокъу. Сэ кьэзгъэсэбэп Іэмалхэр псоми зрагъэщІакІэщ икІи зыгъэсэныгъэхэр ерыщу изогъэкъуэІ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

«НАТО-м пцІы еупс!»

Ар жеІэ Ливием и Іэтащхьэм и унагъуэм щыщым



***НАТО-м и кхъухьлъатэхэр Ливием пІалъэ-пІалъэкІэрэ бомбэкІэ йоуэ. Сыт зыхуейр Кьухьэпіэр ткІи сыт кьыщыхьур а хьэрыт республикэм? А упщІэм жэуап кьрет Ливием и Іэтащхьэм и унагъуэм щыщ, а къралым и Сабий фондым и упфэщІ Каддафи ала Саллах.*

- Сыт Ливием и властхэм Урысейм, ар а къралым щекІуэкІ зауэм зэрыбгъэдыхьэ щыкІам теухуауэ жаІэр? Ливием и унафэщІхэр политикэ Іуэхукіэ и мызакъуэ у, ІакІуэ экІи ди къралым кьыпІащІуэ жыхуаІэр пэж?

- Пэжщ. Каддафи Муаммар и анэр адыгэ хэхэсхэм ящыщщ. Ливием адыгэу мин 20-м щІигъу щопсэ у. Сэ сыкьызыштехьэхьуІахэр зэгуэр Кавказым щыпсэуащ икІи сощІэ Каддафи Муаммар Урысейм фІыуэ зэрыхуищытыр. Абы кьыхэкІыу, дэ дыкъэхІуащ щыр вжетІэн папщІэ: Ливием и щІыхуэхэм зауэр зэхуэхьыкыркъым! Хуабжьу дыщогуГь кьаугъэр дипломатие Іуэхуэхэмкіэ зэхтес ящІыжьыныкІэ, бомбэхэр ди дежкІ кьыщрадзыхьынур ягъэувыІэнымкІэ фи МИД-р щІэгъэкъуэн кьытхуэхьну.

НАТО-м щыщхэм жаІэ а хьэкІэхъуэжкІагъэр щІыхубэр кьеГэльным хэзгъэзэа хуэдизр. Ауэ и пэжьпІэкІэ ар зыхуэзгъэзар ди къралым и щІыху мамырхэр, щІыхубзхэр, лІыжьхэр, сабийхэр зэтеукІэнырщ! ООН-м и Сабий фондым кьызэритамкІэ, зауэм щыщІидзэм щыгъуэ щІыхубз, сабий куэд щтапІэ ихьэжащ, Тунисым е Египетым зыщагъэпщкІун я мураду. А къралхэм я гъунапкъэхэм зауэм и лей зыпІэІэса сабий куэд щыщІэтрихьащ. Ди къралым щылІащ сабий куэд.

- Ливием къратыкІ репортажхэм дэ щыпольагъу къэралым и щІыхуэхэр пЭзрыщкуупІ зэрыщыІэзрыгъэхьуар. У э и пэжьпІэкІэ сыт хуэдэу къэпльытэрэ щытыкІэр?

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нэгъуэщІ къэралхэм я телекомпание нэхъ инхэм пцІы яупс. Зауэм щыщІидзам щыгъуэ Каддафи Муаммар зыкъэзыІэтахэмрэ дзэмрэ захуигъэзащ цІыху мамырхэм щынагъуэр щхьэщхьэм мурадкІэ кьалэхэм Іэмал зэриІэмкІэ нэхъ пэжьыжьэ защІыну кьыхуриджэу. Абы кІуи кьитгъэІыжащ зэкъуэшитІ зэзэуэ зэрымыхъунур икІи Ливием щыщ дэтхэнэми ар кьызэрыгурыІуэр. Ардэжкіэ, ди деж нэгъуэщІ къэралхэм щыщ цІыху къэд дыдэ щыІэщ икІи абыхэм Іэмал яГэгъуэт ди къралым щауфІа граждан зауэм мылыку хахыну. ИпэжьпІэкІэ а зауэр ди дежкІ щезыгъэжьар нэгъуэщІ къэралхэрщ. Дунейпсо СМИ-хэм ябзыщІыкъым Каддафи и бинхэм я кьаэзрыдзэщІыр. Кьаугъэр кьызыкъэкІам теухуауэ пэжыр щыкъуэж.

- Зэныкъуэкъуэ цІыхухэр псэуныгъэкІэ зэрыхуэмыщІам кьыхэкІагъэнкІэ хьуну?

- Ливием псэуфІэкІэ зэдзэщІэ къэралщ. Абы щыхьэт тохьуэ иужь ильэсипщІым ди деж дунейпсо зэІущІэхэ зу, зэхьыкъэжу куэд дыдэ зэрыщекІуэкІар. Ди къралым фІэфІт хьэщІэхэр къригъэблэгъэну, зэІущІэ псоми я текІуэдэ ахьшэр итырт. Лъыгъажэр зэхэзыублахэм кьафІэІуэхуэкьым цІыхухэм я псэукІэр сыт хуэдэм. Ахэр зыхуейр ди щІыдагъэр: абы и лъэныкъуэкІэ Ливием африкэ континентым щІэнэ увыпІэр щиІыгъу.

- Кьаугъэр сыт хуэдэу иухыну кьэзыпльытэрэ?

- Дэ дегъэгушхуэ у Урысейм сыт хуэдэ залымыгъэри зэримыдэм. Жэрдэм кьыхальхьащ дунейпсо конференц е ООН-м ШынагъэншагъэмкІэ и Советым и унафэ №1970-р, №1973-р дэзымыыгъэ къэралышхуэхэм я Іэтащхьэхэм я зэІущІэ зэхуагъэсхьну. Ар Ливием кьыщІыхьеи кьаугъэр мамыру зэфІахьыным щІэгъэкъуэн хуэхьунт.

КОСМАЧЁВЭ Елен.
«Аргументы и факты».

●Къэралхэр

Аргуэру хэщІыныгъэ

ХАБЗЭХЪУМЭХЭМ Къэбэрдей-Балькъэрым щыІэ бандэ гупым 2011 гъэм хэщІыныгъэшхэр ятэтми, хабзэншагъэкІэ Іэщ1экІэ зэщІэзыуэздахэр республикэм щытыкІэр щызэІыгъэхэным иджыри хуолажьэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и щІыхэм хуэгъэзэа щІэпхъаджагъэ хьэлъэхэр ялэжь.

КЪР-м и хабзэхъумэ Іэнатіэхэм кьалъыхьуэ Бахьсэнэкэ (Къэсечхьэлэ) кьуажэм Нартокъуэм и уэрамым полицэм и капитан Асанэ Аслъэн щышхьэІум и 3-м сыхьэт 00-рэ дакъикъэ 50-м Іэщ1экІэ щытехьэхэр (зэрыхуэгъэфащэмкІэ ахэр 3 мэхъу).

Хадзэмкіэ пщІантІэм дыхьэ боевикэр абы кІэрахьуэкІэ зыбжанэрэ еуащ. Полицэм и капитанэр кьытехуэ уІэгъэхэм кьелакьым.

Республикэм «Вулкан-3» Іуэхугъуэр щокІуэкІ, следствие гупыр мэлажьэ. Уголовнэ Іуэху къаІэтащ.

Урысей МВД-м и «Бахьсэн» кьудамэм и оперуполномоченнэ нэхъыжь полицэм и капитан Асанэ Аслъэн Руслан и къуэр 1979 гъэм жэлуэгъуэм и 28-м къалъуащ. Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ Іэнатіэм 2005 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м лэжьэн щыщІидзащ, иджырей кьулыкъум 2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м пэрыуат. Унагъуэш, сабиитІ иІэщ.

Асанэ Аслъэн сыт щыгъуэ пэщІэтт заплатэ щІыгъуэм, кьуанщагъэм, абы и гъашІэр щалъуа республикэм и кьэкІуэнум и мамырыгъэр хьумэным триухуат.

КЪР-м и Хабзэхъумэ Іэнатіэхэм Зыуэ щыт я хъыбарегъащІэ центр.

КЪР-м и Хабзэхъумэ органхэм я хъыбарегъащІэ центр зэгуэтым къет

2011 гъэм щыщкъэІум и 2-м республикэм и хабзэхъумэ органхэм я лэжьакІуэхэм Нартокъуэм и Іэшэлъабзэм ящыщІыбыпну хуэжьащ республикэм щыІэ щэхуэпапжьэ бандэ гупхэм яхэту шэч зыхуащІ, Аруан районым щыщ, 1962 гъэм къалъхуа цІыхур. Абы ВАЗ-21099 автомашинэм иСу зигъэпщкІужьыну хуэжьащ, ауэ Нартокъалэрэ КЪэхъунрэ я зэхуакъум хуэзэ губгъуэ гъэгъум къыщІэкІащ. Бандэ гупхэм яхэту шэч зыхуащІыну зыкъыпІи идакъым.

ИкІи кІэрахьуэкІэ къэзыуныхьахэм къахэуэу щІидзэри, езыр яуклащ.

Мы Іуэхур кьыщыІуэ щІыпІэр кьыщащІыгъэм кьаГуэтащ миллиметр 9 калибр зиІэ шэхэр зэрылъ кІэрахьуэр. Ар КЪР-м щыІэ МВД-м и экспёрт-криминалистикэ центрым яГэхьащ. УФ-м Следствиемкіэ и комитетым Следствиемкіэ и управленэу КЪБР-м щыІэр хоплъэ УФ-м и Уголовнэ кодексым и 317, 222 статьяхэм япкъ иткІэ уголовнэ Іуэху къызэІуихын папщІэ зэхуахьэсса материалхэм.

Адаэкъэ хабзэхъумэхэм яуклам и щІапІэр щыщІапщытыкІым, кьаГуэтащ лагъым Іэрыщі щагъэхьэзыркІэ кьаГэсэбэп пкъыгъуэхэр:

алюминэ хьэжыгъэу псори зэхэту килограмми 7;

щІыпІэхэр зэрагъэнэху хьэрэкІытІэу 7;

лагъымкэм халъхьэ жыр Іуэху куэд;

миллиметри 7,62-рэ калибр зиІэ щэуэ 137-рэ.

КЪР-м и хабзэхъумэ органхэм я хъыбарегъащІэ центр зэгуэтым цІыхухэм захуёГазэ хабзэхъумэ органхэм терроризмэ пэщІэтыным хэуэнэтІауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэкІэ зэхэщІыкІыну икІи дАІыгъынуэ, езыхэр сакъыу щытыну, хабзэм и хъумэкІуэхэм зэрахуэфащэкІэ зыщІагъэкъэуну, абыхэм пщІэ хуащІыну, оперативнэ лэжьакІуэхэм зэран яхуэмыжьыну кьыхуриджэу.

КъаГуэуну хунагъэсакъым

УРЫСЕЙ Федерацэм и МВД-м Іуащхьэмахуэ куейм кІэ и кьудамэм и лэжьакІуэхэм УФ-м и ФСБ-м и Іуэхущ1ап1эу КЪБР-м щыІэм и кьудамэм кьегъэщІыпІа кьаруухэм ящІыгъуу кьэхуэтІэнэ-зэхьыкІуэныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІым. Тыркиеягъ кьалэм ябгьынэжа и ухуэныгъэхэм ящІыщ зым, «Прохладнэ - Азау» федеральнэ гъэгум и сэмэгурабгъумкІэ щыІэм, СВУ зыбжанэ кьыщагъуэтащ.

Дэтхэнэми псы литри 7 зэрыхуэ кІэструли 4-м фэбжь кьозыт пкъыГуэхэр зыхьэлъ аммиак селитрэрэ алюминэ пудрэрэ ярызт. А псом кьыдэкІуэу кьызэрагъауэ Іэмэпсымэ, детонатор теплъэ зиІэр щыГэт.

Диверсие-террактэ хьэпІэщагъэр зылэжьыну хэтахэр кьалъыхьуэ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КЪБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1ап1эр.

ЗэдэпсэукIэфIым и джэлэс хабзэхэр

*Налшык «Эль-Фа» тхылъ тедзапIэм 1999 гъэм урысыбзэкIэ къыщыдэкIащ «Адыгэхэм ятеухуа шэнэн пшынальэхэр» тхылъыр. Абы итщ «АдыгэлI Курсольтэ и пшынальэ», «Адыгэщ Къэрхъэм и пшынальэ» жыхуиIэхэр. Тхылъыр зэхэзыгъэуварн къыдэзыгъэкIарн IШэнэным щыщ щIэныгъэлIхэрщ. Мыпхуэдэ пшынальэхэр зи Iэ щэнэн IуэрыIуатэм и фIыгIэм щыщщ и лъэныкъо зыгъэгъозагъ. Абыхэм Iупщ1у икIи пэжу ди нэгу къыщIагъэувэж нэхъ пасэм кавказ лъэпкъхэм, псом хуэмыдэжу адыгэхэмрэ шэнэнхэмрэ я гъэхущытыкIар, зэпыщIэнныгъэ яIар. Пэжыныгъэмрэ захуагъэмрэ щытепщэ зэныбжьэгъуегъэр нэкум хуэдэу яхьумэу лъэныкъо тIыр зэрызэдэгъуам и щыхьэтыкъыщ апхуэдэ пшынальэхэр. Лъэныкъо тIым я хабзэхэри куэдкIэ зэтехуэрт, псом хуэмыдэжу ахэр щIыхуэгъэм, пшIэжьэгъэм, ята псалъэм тетпжыкIи зэрыхуеIм щехьэлIам и деж. А хьэлмфIхэр гъэунэхупIэ гугъуехэм щыхуи кIэхъурт, ауэ пэжныгъэмрэ щIыхуегъэ дахэм хуэгъэпса хабзэмрэ сыт щыгъуи бжьэпэр яубыдырт. Пшынальэхэм дагъэлъагъуэ ахэр щызэхальхьа зэманым ди нэхъыжьхэм къадекIуэкIыгъа, ахэр зэрыпсэугъа хабзэ тельыджэхэзу, ди жагъуэ зэрыхъущ, нобэ тэмэму тхузэмыхьумахэм я джэлэсу щытар, щIыхуегъэ дахэр, зым адрейм зыщIигакъуэу сыт хуэдэ лъэпкъхэри зэрызэдпсэупхэр зэрырар.

Лъэпкъхэр хабзэ нэхъыфIхэмкIэ зэхъуэмэурэ ахэр ираугъэфакIуурт. Арагъэнуи Кавказым и лъэныкъо хуэдиз я хабзэ-бзыгъэхэхэмкIэ щIыпэтехуэри. ИкIи иогъущI лъэпкъхэм я Iуэрыуатэхэм, мыбдежьм пыуухыкIауэ къанщтэмэ, шэнэн Iуэрыуатэм къызэрыхъущыжьмкIэ, хабзэ дахэхэм я къежьапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщт адыгэ лъахэр. Ди нэхъыжьхэм я хабзэ-шэнэнхэм и фIым Iэ псори ди нэгу къыщIагъэуэжмэрэ, пшынальэхэм дыкъыхураджэ хуэдэщ абыхэм я щIэнэн нэхъ лъапIэ дыдэ апхуэдэ зэдэпсэуныгъэу ди зэманым зыкъомкIэ тIэщIэхуар къэнщтэжу дгъэбгъэуэнэм. Апхуэдэуи пшынальэхэм къыптхуагуэтэж адыгэм иогъущI лъэпкъхэм я деж щаIа пщIэмрэ щIыхьмрэ зыхуэдэр, зыгуэрэхэр чэнджэщ е дэIэныкъуэгъу хуейм, ар адыгэ лъахэм зэрыщагъэтынум шэч къэтрамыхьэжу къакIуэу зэрыщытар. Нобэ фи нашхьэ идолъхъэ тхылъым ит пшынальэтIым ящыщ*

Ауэ щымым, Тэрч нэхъ хуэм зыщIыбу
КъыщыпфэщIым хьуаУ нэхъ жыIэщIэ
Цонтарой лъэпкым я тхьэмадэ
ЛIыжь жьакIэхэм щигъэтIысат къуажэщIэ.
Зиужьырт кIу джэм, махуэ къэс ефIакIуэу,
Лъэщым и щIэгъэкъуэну, зыльэмыкIым и
къыщхьэщыжакIуэу.
Къыдэхъуэрт къуажэм щIалэщIэ жанхэр
Уардэу зэкIужу, пылу пелуанхэу:
Я нэхъ къэрабгъэми илIыфт дыгъужьыр,
Я нэхъ хуэмыхурн кьытежьырт щыхьым.
Дыгъэ пэлъытэрэ мазэ кIуэрашэу,
IэкIуэщIрыжу бгы псыгъуэ лантIэу,
Зенч ухуауэ набдзэ фIыщIитIыр,
Щхьэц ухуэнахэр бгыщхьэ псыкъельэу
И бгъэ задитIым щыIэрыльэлъу.
Абы дахагъэкIэ пэхьуну
Шэшэным пщащэ нумыгъуэ тэну,
Тэмытыхъ энуэ мы дунейм псом,
Къыпхуэмыгъуэту зыри дэбгъуэн,
ИIэт а лIыжьым зыпхъу гъэфIэн.

1.

Пщащэ тхьэIухуд ныбжьыщIэм
И хъуреягъыр бжьэ къэпщIауэ,
Къуэфэрэзыхьырт кIуажэ щIалэм
ФIыпльагъуныгъэр я гум щыблэр.
...Зэгугъым лIыжь жьакIэху тхьэмадэр
Мэжджытым макIуэр жэмыхьэтым
ТIэкIу епсэтьэныр и гугъапIэу,
Кьоувэр лIыжьыр аэзн джапIэм.
Нэхъ захуигъаззэу кьуажэ щалэм,
Мыпхуэдэ псалъэ кьажреIэ:
- «Си жьылэгъу щIалэ афэрхэ,
Ди жьылэ псор мэгушхуэ фэркIэ!
Фхэльщ лIыгъэ, фоIыгъыфыр щIыхьыр,
Нывжесlэнум фыкъедаIуэ быдзэу -
Балигъ къэхъуакIэщ сэ сипхъу тхьэIухудыр.
Фэ фщIыщ дэтхэнэри щIохьуэпсыр
Сипхъу закъуэр ящIыну щхьэгъусэ.
Сэ малъхьэ сщIынур мыльку зи куэдкъым,
Iущ я Iущыж губзыгъэ гуэркъым,
ЗэрызэжкIужым щIэхъуакIыжмкI пагэ,
Щремыгуфэ абы щауэщIэ дахэр.
Си пхъум щхьэгъусэ хуэхъуфынур,
Сэ малъхьэ сщIыуэ ар зэстынур
Зэщхьыркъабзэрэ зы плыифэу
ХакIуищ си пащхьэм кьизышэфырщ
ХакIуищыр я сокукIи, я шыкIэкIи,
Зэхужжэу, жэрхэу, гуащIэжу
Кьыдэзышэфым си пщантIэм
Хьунущ си пхъур и натIэ!»
Мыльку зиIэхэр бззэрым макIуэ,
Кьыщащэхуну абы хакIуэ.
Нэхъ хуэIэрыхуэм дыгъуэным, хьунщIэным
Зэпальытыр шыр кьыщадыгъунур.
И гур ехуэхарэ, и псэр хьшIуэ,
Iэмал кьынгупсысынкIэ кьыкуэмыщIэу,
Гупсысэ мыфэмыщхэр щхьэм щызэ уэу,
Зы щIалэ закъуэ ирикIуэрт уэрамым.
А щIалэ закъуэр
Фызабэ кьуелейсы цIыху пэжым и кIуэ.
ЩIалэм и щхьэр кьыхуэмыIэтыжу
Унэ пхашэм и бжэщхьэIум йобэкъуэжыр.
Пэш щIыIэ нэщIым анэр кьыщIыуощIэ -
Анэми и псэр зыуэрIым игъэщIэрт,
ЩIэхьщIэр зэз дыдэм кьыхуэмыщIэу.
Фызабэм зыхуегъаззэр и кIуэ закъуэм:
- Кьыжеlэт , си щIалэ, уигу щIэныкъэр,
Уадэншэщ, укьуэшынщэщ фызабэкIуэр,
Сэ зырщ уиIэр чэнджэщ къ уитыфыну,
Псорн пэжу кьыхуэIуатэт анэм.
- Нанэ, кьиртхэр си натIэм гъащIэм
ЩхьэкъэIэт симыIэу согъэзащIэ.
Нобэ зэхуишэсрн жэмыхьэтыр
Мыпхуэдэ псалъэ жиIащ ди тхьэмадэм:
- «Сэ малъхьэ сщIынур мыльку зи куэдкъым,
Iущ я Iущыж губзыгъэ гуэркъым,
ЗэрызэжкIужым щIэхъуакIыжмкI пагэ,
Щремыгуфэ абы щауэщIэ дахэр.
Си пхъум щхьэгъусэ хуэхъуфынур,
Сэ малъхьэ сщIыуэ ар зэстынур
Зэщхьыркъабзэрэ зы плыифэу
ХакIуищ си пащхьэм кьизышэфырщ
ХакIуищыр я сокукIи, я шыкIэкIи,
Зэхужжэу, жэрхэу, гуащIэжу
Кьыдэзышэфым си пщантIэм
Хьунущ си пхъур и натIэ!»
Мыльку зиIэхэр бззэрым макIуэ,
Кьыщащэхуну абы хакIуэ.
Нэхъ хуэIэрыхуэм дыгъуэным, хьунщIэным
Зэпальытыр шыр кьыщадыгъунур.
Сэ, мыльку зимыIэр, дыгъэкIэ зымыщIэр
Си гъащIэ мащIэм кьэмыхьауэ!
Сынышщогурэн кудэкIэ уэрн,
Кьэзгъэльагъуфыт шыфIым и гуащIэр,
Сыпщыхсьмэ, сызышцхьыжьым,
Зымн щыщыжжым сэ кьэзгъащIэр.
И льынтхуэхэм лъыр щызэщIэпльэу,
КIэ лантIэр ирезгъэ пцIэгъэпльым.
КьыхуимыгъэщIами и бзэр псальэм,
Кьыгурыуащ кьытесым и гурылыр.
Зэпальытыр щыз кьыщадыгъунур».
Сэ, зэрысабийрэ кьулейсызым,
Дыгъуэу емысам, си гум зехузыр.
Дэ дыщIигъыныджэщ, дыныбджажщ
ГъащIэ гъэзгъэнушэр кьытхуэбзаджэу.
НитIымкIэ зыгъэрэхэр кьиIущэщу
Зззэмыдэ кьыскъуеплъэкIмн пщащэр,
Сымышынэу схутелъхьакьым си щхьэм
Сихьэн а тхьэIухудым сэ и пащхьэм.
Ауэ, пэж жысIэнщи, сэ щхьэгъусэу
НэгъуэщI пщащэ кьыскхуимыщтэ си псэм!
Кьыскхуэгъэгъу, си анэ, укьытэнщэу
Сэ мыпхуэдэ псальэр зэрызгъэщIыр.
СыщыгугъынкIэ кьызитыну чэнджэщ
Сиlэкьым сэ ди тхьэмадэу лIыжь Iущ,
Кьыздиныгъыфу сыткIи си гугъэр,
Кьыскщхьэщыжьыфу ныбжьэгъу губзыгъэ.
Сиlэр уи закъуэщ
Сэ фызабэкъуэм.
Кьыскщыхуауэ Алыхьым и ней,
Сыкьытехьагъэнущ сэ дунейм.
ИтIани кьаухуну кьыскщищIы
ЩызгъэзэщIэн хуейщ сэ мы гъащIэм.
Гур кьизысыкI жэуапынщэ лъагъуныгъэм,
СщIэркъым щыIэу нэхъ тхьэмыщкIагъэ.
- Си щIалэ закъуэу гъащIэ гугъапIэ,
Сабий адэншэу
Ещхьщ цIыху ныбжьынщэм.
Ауэ гугъуехым зебгъэгъэшым
ПсынщIэу ухъунущ насыпынщэ.
Кьэхъунур пщIэркъым, пщащэ зи гугъу
кьыскхуэпщIыр
ДыхуэмыщIами, ар уэим имыщIу
Ди унэм кьыщIыхьэнкIи хьунщ нысащIэу.
Имыщэм - ди гуэныхь дыхэкIыжащи,
ЛIыхьу хуэдгъэкIуэнщ итIанэ нэгъуэщI пщащэ!
Уи адэр щIыпIэ Iэдж эм кьыщащIыхурт
ЗауэлI кьэмыланджэу, лIы Iумаху эу.
Сэри хъ уакьым укIытапIэ ар изгъаху эу,
ЦIыхуфIагъкIэ зыкьыкIэрызгъэхэу.
Кьэзыпльхуам хуэфащэ мыхьум, быныр
Ныбжьэгъуми Iыхьыми ябгынэнущ.
Тхьэмадэм зи гугъу ищIа хакIуищыр
И унэм дыщэр кьыщIэщIми,
ЛъэкIынкьым зыми кьыщэхуну,
Е, ещэкIуами жэщ минищэ,
Шыдыгъум ахэр кьых уэмыдыгъуну.
ЩIыгъуаззэщ фIыц дыдэу куэдыр
Шууейхэм я кIуапIэу хьэжыщI пэлъытэу
Зы унэ, и хуреягъкIэ щIы Iэнэщ1у,
Хьэщ1э езыр зэи щымыщIэу,
И щIыхьри, и пщIэри яльытэу
Щопсэу а унэм адыгэлI Курсольтэ.
Имысу жаIэр Кьэбэрдей щIынальэм
Абы нэхъ хахуэ, тетыжьфу псальэм.
И гукъеуэр езыхьэлIэр
КьыгъэщIэхьукъым зэи а зауэлIым.
ЛIыгъэкIэ абы пхъуфынну
Уи адэ закъ уэрщ исыгъар Шэшэным, -
Апхуэдэу жреIэр фызабэм и щIалэм.
Щыхэхнхым и анэм и псальэр,
Фызабэкъуэм бом кьыщIеш пцIэгъуэплъыр,
Шы эзшар щимыззгъэжьым и пIэм
Быдзу ар ирепхыр щыфIэдзапIэм,
ЩIалэм трелъхъэ шым адыгэ уанэр,
ЗыщетIагъэр езым и цей лъапIэр,
ЗыкIэрещIэжьар адэм кьыщIэна и сэшхуэр,
И фочи щэрыгъэ кIэрепхэ уанэ кьуанэм,
ЗыцхьэхуэрщIжьжьр и пыIэ хьурыфэр.
ПцIэгъэпль кьытричыр бжэIупэм кьыщофэ,
ЛIыгъэ ищIэнухэм хэпэбгъэу и гур,
ШIопщыкъур быдзу ирикъуэзу Iэгум,
Сэламыр гуапэу ирехыжри анэм,
Фызабэкьуэр пIащIэу щIокIыр унэм,
Хуэмышэчыжрэ шууейм кьыпэпльэу,
И пIэм нудыкьжьжьр и пыIэ хьурыфэр.
Уафэмрэ щIыльэмрэ пфIэщIынт зэIэпыкIыу,
Кьуажэм докIыр щIалэр, иГу пымыкIыу,
МыпIащIэурэ, Тэрчыжьи зэпрокIри,
И бгъэм имыхуэжу кьеуэу и гур,
Кьзбэрдей хэкум хуеунэтIыр и гъуэгур.

2.

Шууейр и гъуэгум ирожэ,
Дэуэршэру уанэш кьыхуэпэжым:
- У мыгъэIуфэм зы псальэ,
Кьыбгурыуэнущ, сощIэр, пцIэгъэпльым,
Тепыlэгъэ кьезымытыр си псэм,
Узгъэшхащ сыщымысжьыжу Iусым,
Уезгъэфащ ауэ щIыпсыпс зэкIужьм,
Укьыкlэрыхьэрн уцIыкIу дыдэ у, ышщIэу,
Укьэзгъэхьуащ гуныкьэ згъэ у умыщIэу.
СыптелъэщIыхьурэ, згъафIэ у,
Кьыпхэсщыкlаг шым я нэхьыфIыр.
Жэуап кьыумытыфынуми, кьэдаIуэ,
Анэкьыхьу кьэшым хуэдэу сынолъэIур!..
Мыльку зи куэдым кьышэхуфым хакIуэр,
Е ахэр кьидыгъфым дыгъуэгъуакIуэм,
Фызабэкъэш сыт хуIыжьыкынур -
Щыгугъынырщ адыгэлI Курсольтэ,
НепIэщIэкI, си пцIэгъэпль, дыгъэльатэ!
Мылькубзм е дыгъуэгъуакIуэм
КьайхъулIэу щытмэ зэщакIуэр.
Ар фIы дыдзу псомн дощI э -
Си унэ нихьэнукьым нысащIэр!
Си дежкIэ напэткъуэ, ар, гуаузщ,
Си гъащIэ мащIэм кьэмыхьауэ!
Сынышщогурэн кудэкIэ уэрн,
Кьэзгъэльагъуфыт шыфIым и гуащIэр,
Сыпщыхсьмэ, сызышцхьыжьым,
Зымн щыщыжжым сэ кьэзгъащIэр.
И льынтхуэхэм лъыр щызэщIэпльэу,
КIэ лантIэр ирезгъэ пцIэгъэпльым.
КьыхуимыгъэщIами и бзэр псальэм,
Кьыгурыуащ кьытесым и гурылыр.
Ди унэ пхашэм и бжэщхьэIум собэкъуэжыр.
Пэш щIыIэ нэщIым анэр кьыщысIуощIэ -
Анэми и псэр зыгуэрым игъэхущIэрт,
СымыуыкIытэжу анэм щыхуэсIуатэм
Тепыlэгъуэ си гум кьезымытыр,
Мыпхуэдэу кьызжеIэ фызабэкьуэу
ЩIэгъэкъуэн зимыIэ и кьуэ закъуэм:
- «КъэзымыщIыху темыту мы дунейм
Зы лIы щIэрджащэ щопсэу Кьэбэрдеим.
Абы и унэр тафэшхуэ куэщIым
Итщ цIыхухэр кIуэуэ хьэжыщI папщIэ у.
Курсо лъг эщ ф бгъ уэтынур чэнджэщэгъуэу,
ПщIхьэщIызыхыфынур гуэзвэгъуэр...»
СызыхэщыкI, кьызэомэщIэкI зэманыр,
Альбикъ кьыгъэувыхункIэ Iэнэр,
Iэнэм ущрэшэрщ кьыщцедгъажьэм,
Дэ дыщысыхукIэ, кьыдэмыжьэу
Мыльку зиIэм, дыгъуэгъуакIуэм
ЗыIэрагъэхьэнкIэ хьунщ закIуэр.
- «ЩIыпIэ жьыжьэ кьикIа щIалэ хьэщIэ,
Фыуэ кьызгуроIуэ сэ уи гуауэр,
Ауэ, сынолъэIу, думыгъэпIащIэ,
Iуэхум фIыуэ демыгупсысауэ.
Зэфэззщу зэщхь хакIуищыр
Кьэгъуэтыныр сэркIэ мыгугъущэ,
Мы бжеIэнэр, сольэIу, умыгъэщIагъуэ.
Нобэ дэсха кьудейщ си хьэгъуэлIыгъуэр.
Духуащ Альбикъэ дыхьэзырщ
Аращ зыIутыр Iуэхур, щIалэ хьэщIэ.
Ауэ ныбжьэгъуэхэм захунгъэщIагъуэу
Арагъэнт сэр щхьэкIэ зигъэлIыхьуу.
Тхьэмахуэ псокIэ ефэешхэ Iэнэр
ЩIекIуэкIагъэнури аращ мы унэм!
Куэщ1, ирикъущ, зызмыIэжьэжу
Сэ занщIэу си адэм деж сокIуэжыр!»
Зэрыжиlауи, а жэщ дыдэм
Альбикъ хуэкIуэжащ и адэм.

3.

Курсольтэ пцIэгъуэплъыр игъалъэу
Мажэ, къэвыIэ имыщIэу.
КьыкlэщIекьуэзри пIалъэм.
Жэщри кьыфIощIыр ныжэбэ нэхъ кIэщIу.
ЗэрыжаlэмкIэ Белькъзар кьалэм
Зыщызигъэбыда генералым
ГъущIым кьыхищIыкIа и ипэщым
Етыжаауэ Iункlыбзэр щащIэу
ЩIыбгъы и хакIуищ зэфэззщыр.
Гугъущэ дыди демыхуэ Курсо лъг э
ГъущI щэщым хэ лъ Iункlыбзищыр екIутэ.
КьыщIеШри хакIуищ хэщхьэзэщыр,
Лъэмакьнишэу кьыхохьэжьр жэщым.
Ауэ зэвым кьыщыдидзэм пщэдджыжь
пшэплъыр
И лъэр кьехусыж Кьэбэрдей щынальэм.
Щыхэр кьыдешэри и пщантIэм,
Ирепхыр быдзу щыфIэдзапIэм.
ЩIохьэжри унэм
Бгъэдохьэр щIалэ хьэщIэм и пIэм:
ИгъуэнэсащI укьэ тэджыну, щIалэ,
СыкьинкIыжакIэщ сэ Безкур кьалэ.
ИIэ, кьэбгынэ уи гъэлъыпIэр,
ХакIуищыр кьыщыпполъэ щыфIэдзапIэм,
Зэфэззэщрэ нэр ямыгъапльэу,
Пэлыдыжу пщэдджьжь пшэкIэпльым.
ЕпIэщIэкI утехьэжьну гъуэгум
Дыгъэр кьымыуэ щынкIэ уэгум!
Апхуэдэу щыжиIэм хэгъэрейм,
Фызабэкьуэм псынщIу зехуэпэжьыр.
ПцIэгъэпльым тесрэ хакIуищыр и Iэдэжу,
Ежьэжьыну хьэзыр кьыщыхъужьым,
Зыкьыхуэгъаззэр хьэщIэм Курсольтэ:
Сигу кьуэ э - машIэщ пхуэсщыфар гулъытэу.
ИкIи пхуэIэщ зы лъэIу машIэ:
ХьэгъуэлIыгъуэ э ехьэжьа умыщIу,
Кьыззжьэ сэ сынпхуэкIуэкIэ хьэщIэ у.
Нэсхуфынущ сэ Iэщу текIуэдэнур
хьэгъуэлIыгъуэм,
Мэрэмэжьейуэ щрафынур Iэнэм
ХьэгъуэлIыгъуэр щыдэпхыхукIэ унэм.
Си Iэхуэщ уи хьэщIэм яшхыну псори,
ирафынур.
Уэ зыкIи унгу умыгъэныкъуэу
Щыс укьызэжьэу, фызабэкъуэ...
Щхьэ сымылъагъурэ Альбикъ, гъэщIэгъуэни,
Кьыспежьэну ныщIэкIакьым, уеблэм, унэм?
Жэуапынщэу хэгъэрейм и упщIэр
Кьыгъэнауэ щытщ умззэхауэ хьэщIэр,
Iуэхутхьбзэ кьыхупщIам щхьэ хупщIри фIыщIэ,
И гъуэгу теувэ жащ щIалэщIэр пIащIэу.

4.

Вагъуэжэр уэгум икIуэсыкIыжу,
КьуэкIыпIэ пшэплъым жэщыр хисхьэжу,
Нэмэзым жэмыхьэтыр хуигъэтэджу,
Молэр нэхущым азэным кьыщыщIжэм
ИрихьэлIэу щIалэр я кьуажэм дохьэжыр.
Я пщантIэм хьэщыкъ зыщIа пщащэм
Дешэри хакIуищ зэфэззэщыр,
Насыпэ кьэкIуэнур и гугъапIэу,
Ирепх абы я щыфIэдзапIэм.
Езыр, хьыбар хуихьыну анэм.
Мэкlуэжьэр епIэщIэкIыу унэм.
- «Хэт и шууей хакIуищ зэфэззэщыр,
Уепльамэ уи нэр щыджжыкIыкIыу
Кьэзышэфар си пщантIэм нэхущым?» -
ЩIэупщIэу лIыжьым кьуажэ псор щIещыкIыр.
Жэуап зыщыкIпIи щимыгъуэтым,
Щхьэтечу йоупщIыр и хьэщIэжбзым:
- «Кьыссфlощ абы уэ нэхъ ущыгъ ззэу,
Кьызжеlэт , хэтхэ я шууей
Хакlуищыр кьэзыхуфар ди дей?
Зихуэдэ гъуэтыгъуей тхьэIухудым
Мыпхуэдэ жэщуэр иретыр и адэм:
Дадэ, си жьэнахуагъэр
Кьемызэгъыи нэмысым,
Сыщымыгъуаззу хабзэм уи мыгугъэ,
Жэуап уэстынум си напэр кьысфлесыр! -
Сыкlуат сэ псыхьэ ныщIэдIэ нэхущми
Сльэгъуащ фызабэкъуэр сабэм ируаэу
И пщIэгъуэпль ешар псафэ нишауэ.
Сегупсысащ абы сепльри, зэуэ -
Мырмырауэ пIэрэ ныщIэдIэ нэхущым
Ди шыфIэдзапIэм щеэшпхар хакIуищыр?
Ар щыззэхпхьм лIыжьым кьэкъыбкIуу
Кьиргэншащ и унэм фызабэкъуэр.
Гуймэр жэзщIрегъащIэ,
Саугъэтхэр изу иГэхьыщIэу.
БгъурегъэIысхьэжри и пхъур нысащIэу,
Хуищу пщIэ ирегъэжьж мальхьэщIэр.
Нэсыжа кьудейуэ щIалэр и унагъэуэм,
Кьыхуеблэгъащ адыгэр хьэгъуэлIыгъуэм,
Кьыззрысу зэрата я пIалъэр -
Игъэпэжащ ныбжьэгъуэм жиIа псальэр,
Курсольтэ и гуимэр саугъэтым егъэхыщIэ,
Гъэгум сабэр кьыщIэIэт хакIуапщIэм,
ЩIыгъущ Iэщыщхуэн, мэзи гуарт-гуартэу,
Бейм кьатрихри, кьыхуиху аэр саугъэту.
Жьэпэпсщ мэрэмжьейр, и фадэ пIащIэр -
Иджы щыIэжжьым хьэгъуэлIыгъэр зыхущIыщIэ.
ЕкIэпщеI Iэнэр щагъэувыр пщIантIэм,
Адыгэ хьэщIэр ягъэтIысыр жьантIэм.
ЩауэщIэм зыхуегъаззэ Курсольтэ:
- Кьыпхухьу тхьэразз, кьыскхуэпщащ гулъытэ -
Иджы ди пщащэхэм хэпльыхьэ,
ЖьIэт хэтми уи гум нэхъ ирихьыр.
Нэхъ щащэу пагэри зехуэпэжу нысащIэу
Ди пщащэхэр тхьэIухуд защIэщ.
Яхэтмэ узыхуей пщIыну щхьэгъусэ,
Кьыджеи, занщIэу ныпхуэтшэнщ нысэу.

Зэзыдзэкlар УЭРЗЭЙ Афликщ.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

●IIэшэн Iуэрыуатэм щыщ

АдыгэлI Курсольтэ и пшынальэ

Адыгэ ныжэбэ сикIыу унэм
НысащIэр и закъуэу къэзгъэнэну
СльэкIынукъым зыгу эр къэзгъэнугъэну.
Укьызэжьэ жмэ ныжэбэ закъуэм,
Уи Iуэхур зэфIэсхьнущ, пыдзэкъ уэ.
Уи щыр гъэзагъэ, уэрн зыгъэпэсхэу
Уи гур умыгъэныкъ уэу, тынщу нэху щыху».
Зыхихар щыхъуауэ щхьэрыгъажэ,
ХьэщIэм пцIэгъуэплъыр хуеунэтIыжыкыр
куэбжэм,
Мыпхуэдэ псальи кьредзыжыр хэгъэрейм:
- «Зы жэщ закъуи зысIэжьэну сыхуэмей,
Уэ и гъуэ сэ нысащIэм зыбгъэфIэу,
УкьыздIэпыкъуну уфIэмыфIым,
Си фIэщ хьуати кьызжиIар си анэм
Уэ пхуздэлI дунейм тумыгъ уэт эну!»
Ауэ Курсольтэ и Iэпщэ жырым
Быдэу еубыдыр и IумпIэр шы жырым:
- «Сыт уи щхьэм кьихьа гупсысэ делэр,
ЩIэ напеIкIэ сахэбгъэIуэну жьлэм?!
Сыт хуэдизу губзыгъэми уи анэр,
Фызабэм уэзрипIар кьыщIоуэр си нэм! -
Кьыбгурымыйуэу гушыIэ кьудей:
Сэ узгъэнэхуну арат сызыхуейр.
Мы дунейм зыгуэрым и шыбзым
Кьыщилъхуамэ хакIуищ зэщхьыркъабзэу.
Си псэр пытмэ нэху зэхэтым
Уэзгъэльагъунщ ахэр си пщIантIэм дэу!
Зэмыщхьу яхэмыльу зы IэпапIэ,
Къеспхынщ ныжэбэ ахэр щыфIэдзапIэм.
Арыншамэ, быдзу ар зэгъащIэ,
Аращ Курсольтэ бийм кьыхагъэщIауэ.
Иджы сэ кьэзэдIуи, си хьэщIэ,
ПIэ щыхсхунущащи, пэш пIэуцIэм нысащIэм,
Гъэльи зыгъэпсэну, фызабэкъуэ,
Iуэхур зэфIэсхьнщ сэ си закъуэ.
Си хакIуэпщIэр кьурушым щыхопщри,
Си щыр кьашэжьхукIэ кIуэнущ жэщыр.
Ауэ щыхьукIэ сшыэсынщи уи пцIэгъуэплъым,
Яужь сихьэнщ сэ Iуэху кьыспэщылъым».
Курсольтэ зредзри хьэщIэм и щы жэрым,
Жэщым хокIуэдэжьр уафэхъуэпскIыу.
Дыгъэр иджыри кьыщIэмыкIауэ,
Кьуэкlыпlэр пшэплъым кьыщимыплыкIауэ,
ИгъэбжьыфIэу зэрыс уанэгур,
Мурадыр гъэззщIэным хуеIэу и гур,
Адыгэлlым псынщIэу зигъэщIырт и гъуэгум.
И псэр пыхуу ешамэ хьэщIэр,
Теуцых уакьым щыхьэну занщIэу унэм.
ЗиIэжьэр зэхэуэхункIэ пшапэр,
Гъэльащ Курсольтэ хуащIыжа гъуэлъыпIэм.
Ар Альбикъ сыткIэ кьыхэхунт и пщIыхьэпIэм,
Жэщыбгым кIуэри гъуэльащ езыри и лIым
и пIэм.

Зэрыбгъэдэлыр имыщIэу я хьэщIэм,
И лIым щIыгъуу и гугъэщ нысащIэм.
И гур Iэрпхъу эрщ, зыцухьыжнур имыщIэу,
Кьыгурымыlуэу щауэм дильагъу хьэлыр -
И щIыбагъыр кьыгъэзауэ мэжей щIалэр,
Гулъытэ лъэпкъ нысащIэм кьыхуимыщIу.
Дыгъэр и плыифэу тхьэIухуд нысащIэм
ГурыщIыкIэ и псэр зехьэжьауэ жагъуэу:
Гуапагъэ зы Iэфlыгъэ дэзмылъагъуэу,
Арагъэнущ фIыуэ сыкьымылъагъуу!»
Нысащ1эм лIым и гупэмкIэ зретыр,
Арщхьэкlэ щIалэр нэхъ бгъэдокIуэтыр.
ЦIыхубзыр щIалэм и щхьэм щIыльэIэсым,
НэбэнэущэУ хьэщIэм тIэкIу зыкьымигъаззэу,
ЩIэхьэм зэрыпльэмыIэсыным цIыхубзым,
Фызабэкъуэм и Iэпитlыр зэрымыщIэу
ФIыльоIэсыр и бгъэ быдзэм нысащIэм.
Ар цIыхубзым иримыгъэльагъуу,
Фызабэкъуэм кьамэр кьегъэлIэгъуэ,
Пеупщlыжри нысащIэм лъэIэса Iэпэхэр,
Шэхуу кIуэщIыкьыжьыр бэльтоку кIапэм.
Ар трельхъэр щхьэгъусэкIыжьым,
Альбикъ гу кьыльимыткIэ гуГъэ у,
Хуэму щхьэр ирегъэщIыж пIащхьагъым.
Кьыщхьэрипхъуауэ губжьым и нэр,
Альбикъ мафIэу кьызэщIоны:
- «Си гугъати фIыуэ сыкьилъагъуу
Сыкьышауэ Курсольтэ щхьэгъусэу,



Сурэтхэр Горлов Михаил *ищIащ.*

Ауэ ныбжьэгъуэхэм захунгъэщIагъуэу
Арагъэнт сэр щхьэкIэ зигъэлIыхьуу.
Тхьэмахуэ псокIэ ефэешхэ Iэнэр
ЩIекIуэкIагъэнури аращ мы унэм!
Куэщ1, ирикъущ, зызмыIэжьэжу
Сэ занщIэу си адэм деж сокIуэжыр!»
Зэрыжиlауи, а жэщ дыдэм
Альбикъ хуэкIуэжащ и адэм.

3.

Курсольтэ пцIэгъуэплъыр игъалъэу
Мажэ, къэвыIэ имыщIэу.
КьыкlэщIекьуэзри пIалъэм.
Жэщри кьыфIощIыр ныжэбэ нэхъ кIэщIу.
ЗэрыжаlэмкIэ Белькъзар кьалэм
Зыщызигъэбыда генералым
ГъущIым кьыхищIыкIа и ипэщым
Етыжаауэ Iункlыбзэр щащIэу
ЩIыбгъы и хакIуищ зэфэззэщыр.
Гугъущэ дыди демыхуэ Курсо лъг э
ГъущI щэщым хэ лъ Iункlыбзищыр екIутэ.
КьыщIеШри хакIуищ зэфэззэщыр,
Лъэмакьнишэу кьыхохьэжьр жэщым.
Ауэ зэвым кьыщыдидзэм пщэдджыжь
пшэплъыр
И лъэр кьехусыж Кьэбэрдей щынальэм.
Щыхэр кьыдешэри и пщантIэм,
Ирепхыр быдзу щыфIэдзапIэм.
ЩIохьэжри унэм
Бгъэдохьэр щIалэ хьэщIэм и пIэм:
ИгъуэнэсащI укьэ тэджыну, щIалэ,
СыкьинкIыжакIэщ сэ Безкур кьалэ.
ИIэ, кьэбгынэ уи гъэлъыпIэр,
ХакIуищыр кьыщыпполъэ щыфIэдзапIэм,
Зэфэззэщрэ нэр ямыгъапльэу,
Пэлыдыжу пщэдджьжь пшэкIэпльым.
ЕпIэщIэкI утехьэжьну гъуэгум
Дыгъэр кьымыуэ щынкIэ уэгум!
Апхуэдэу щыжиIэм хэгъэрейм,
Фызабэкъуэм псынщIу зехуэпэжьыр.
ПцIэгъэпльым тесрэ хакIуищыр и Iэдэжу,
Ежьэжьыну хьэзыр кьыщыхъужьым,
Зыкьыхуэгъаззэр хьэщIэм Курсольтэ:
Сигу кьуэ э - машIэщ пхуэсщыфар гулъытэу.
ИкIи пхуэIэщ зы лъэIу машIэ:
ХьэгъуэлIыгъуэ э ехьэжьа умыщIу,
Кьыззжьэ сэ сынпхуэкIуэкIэ хьэщIэ у.
Нэсхуфынущ сэ Iэщу текIуэдэнур
хьэгъуэлIыгъуэм,
Мэрэмэжьейуэ щрафынур Iэнэм
ХьэгъуэлIыгъуэр щыдэпхыхукIэ унэм.
Си Iэхуэщ уи хьэщIэм яшхыну псори,
ирафынур.
Уэ зыкIи унгу умыгъэныкъуэу
Щыс укьызэжьэ у, фызабэкъуэ...
Щхьэ сымылъагъурэ Альбикъ, гъэщIэгъуэни,
Кьыспежьэну ныщIэкIакьым, уеблэм, унэм?
Жэуапынщэу хэгъэрейм и упщIэр
Кьыгъэнауэ щытщ умззэхауэ хьэщIэр,
Iуэхутхьбзэ кьыхупщIам щхьэ хупщIри фIыщIэ,
И гъуэгу теувэ жащ щIалэщIэр пIащIэу.

4.

Вагъуэжэр уэгум икIуэсыкIыжу,
Кьуэкlыпlэ пшэплъым жэщыр хисхьэжу,
Нэмэзым жэмыхьэтыр хуигъэтэджу,
Молэр нэхущым азэным кьыщыщIжэм
ИрихьэлIэу щIалэр я кьуажэм дохьэжыр.
Я пщантIэм хьэщыкъ зыщIа пщащэм
Дешэри хакIуищ зэфэззэщыр,
Насыпэ кьэкIуэнур и гугъапIэу,
Ирепх абы я щыфIэдзапIэм.
Езыр, хьыбар хуихьыну анэм.
Мэкlуэжьэр епIэщIэкIыу унэм.
- «Хэт и шууей хакIуищ зэфэззэщыр,
Уепльамэ уи нэр щыджжыкIыкIыу
Кьэзышэфар си пщантIэм нэхущым?» -
ЩIэупщIэу лIыжьым кьуажэ псор щIещыкIыр.
Жэуап зыщыкIпIи щимыгъуэтым,
Щхьэтечу йоупщIыр и хьэщIэжбзым:
- «Кьыссфlощ абы уэ нэхъ ущыгъ ззэу,
Кьызжеlэт , хэтхэ я шууей
Хакlуищыр кьэзыхуфар ди дей?
Зихуэдэ гъуэтыгъуей тхьэIухудым
Мыпхуэдэ жэщуэр иретыр и адэм:
Дадэ, си жьэнахуагъэр
Кьемызэгъыи нэмысым,

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Адыгэ пащтыхьхэр

Iэн-насир Iэбул-Мэхьасен Хьэсэн ибн Iэн-Насер Мухьэмэд *(1347 - 1351)*

Хьэсэн япэ ита и къуэш Хьэжы иужькIэ пащтыхьыгъуэр лъагэсащ. И ныбжьыр илъэс 13 фIэкIа хъуртэкъыми, щы гупыр къыдэIэпыкъуащ къэралыр зехьэныкIэ.

Ар щытета лъэхъэнэм тало узым зиубгъури, цIыху куэд ихьащ, хьэпшыпхэм я уасэхэри дэуеящ. Щам щIынальэр ныбгъэ щы гупыр зэмызэгъыж хъури, цIыхубэр зэхэзехуэн ящIащ. А зэрыхьэрийм пащтыхьри хэкIуэдащ: и жагъуэгъуэм къаубыдри, ягъэтIысащ илъэсищрэ мазибгъурэ фIэкIа темытауэ. Абы и пIэкIэ и къуэш Iэс-Сэлэдин ягъэуващ.

Къалэунэхэ Мухьэмэд и къуэ Сэлэдин *(1351 - 1354)*

Хьэсэн трагъэкIри, Сэлэдин трагъэтIысхьащ пащтыхь тахьтэм. СулътIан хъунымкIэ дэIэпыкъуар пщы TIдэти, абы къэралыр зэрыхуейм хуэдэу зэриухьащ. Абы щхьэкIэ пщы гупыр зэгуэпри, TIаЗми пащтыхьми зауэ иращIылIащ. Пащтыхьыр пщыхэм ятекIуащ, зэщIэгъэстакIуэхэри лъэхъуэщым иридзащ. Ауэ и къуэдзэу ХьэлэФ щIынальэм щыIэ Урыс Бебгъи, Триполи, Хьэмэ щытет пщыхэри пащтыхь щIынальэм ягъэукIыну щыщIадзэм зауэ ярищIылIэри, Урысыр тырку щIынальэм ихужащ, и зауэлIхэр гъэр къищIащ. Адрей пщыхэр лъэхъуэщым иридзащ. Апхуэдэу Каир къэкIуэжащ, и биИхэм ятекIуауэ, гъэр куэд къищIауэ.

Пащтыхь Сэлэдин илъэсищрэ мазищрэ ныкъуэкIэ тетауэ, фIэгуэныхь хъууэ лъэхъуэщым кьриШыжа пщы Шехъо Iэл-Хьумэрий жыхуаIэм и гупыр зэщIигъэстщ, сулътIаныр яригъэуфыдри, лъэхъуэщым ирадзащ, Хьэсэн етIуанэу пащтыхь тахьтэм трагъэтIысхьэжащ.

Къалэунэхэ Хьэсэн (етIуанэ пIалъэ) *(1354 - 1361)*

1354 гъэм Хьэсэн етIуанэу тетIысхьэжащ пащтыхь тахьтэм. Дауи, кьыдэIэпыкъуауэ щыта Шехъо и Iэр хуит ищIащ зыхуейр ищIэну. Шехъо еджапIэхэр, сымаджэщхэр иухуащ. Пащтыхь Хьэсэн езым и цIэкIэ еджапIэшхуэ яригъэухуащ. Пщы Шехъо къыхуэзгуэп гуэрым иукIри, къеныкъуэкъуу щыта пщы Сэгъуртэмэш утыкур къыхуэнащ. Ар лъэщт, и лъэкIыныгъэр инти, сулътIаныр щыШынэрт. Абы ипкъ итклэ, бэлыхьым хэкIын щхьэкIэ, яригъэубыдри, лъэхъуэщым ирадзащ, абыи щатхьэлажащ.

Пащтыхь Хьэсэн и блигуцIэт Елыбгъэр къыщепцIыжам, лъэхъуэщым ирыригъэдзащ. Абы и хьэдэр ягъуэтыжатэкъыми, итхъаэу хым хидзэжауэ ягъэхъыбаращ.

Пащтыхь Хьэсэн и лъэхъэнэм члисэхэм, кIуалъшырыфкэм епха щIыр къытрахьжри, щыхъэм хуагуэшащ, хабзэ мыхъумыщIэхэр цIыхубэм захригъэнащ. Ар илъэси 10-рэ ныкъуэкIэ пащтыхьу щытащ.

КЪАЛМЫКЪ Аднан.

Щхьэцыр гъэдэхэн зэрыхуейр

БЗЫЛЪХУГЪЭХЭМ сыт щыгъуи гулыитэ хэха хуащIу щытащ щхьэцым и теплъэм, и зэщIэкъуэкIэм. Философхэм ящыщ гуэрым жиIэгъауэ щытащ цIыхубзыр зыгъэдахэр и щхьэцыр зэрызэщIэкъуэ щыкIэр арауэ. Арагъэнкли мэхъу. Ауэ кIыхьэгъэщыпхъэщ щхьэцым сыт щыгъуи укIэльпIэлъым зэрыхуейр.

Цыхухъухэм къагупсысащ

ЦIЫХУБЗХЭМ я щхьэцхэмкIэ загъэдахэу щытащ ди эрэм и пэкIи. Абы щыхьэт тохъуэ тхыдэм кыкъэна сурэтхэр.

ЛIэщIыгъуэ кьэс цIыхуэхэм я дуней еплыкIэм, я хьуэпсапIэхэм елытауэ зихъуэжу къоГуэгурыкIуэ цIыхубзым и щхьэцым и теплъэри. Ар зэрызэщIакъуэ, зэражь щыкIэм зихъуэжырт, цIыхубзхэм я дуней еплыкIэм, яIыгъ диным, зытет модэм елыытауэ.

Щхьэцым гулыитэ хуэзэщIу щытар бзылъхугъэхэм я закъуэу къэзылытэхэр щоуэ. Къэбгъэльагъуэмэ, щхьэцыр дахэу жьыныр, теплъэ зэмыщхь етыныр къэзыгупсысар цIыхухъэхэращ. Нэхьапэхэм цIыхубзхэм загъэдэхэну, нэгъуэщIхэм зыкъыхагъэщынну, гу зылъагъэ тэну кьеэзгъыртэкъым. Абыхэм я кьалэн нэхъыщхьэр унагъуэр зэрахьэныр, сабийхэр ягъэсэныр.

Щхьэцым кIэльыплъымэ ехьэлIауэ лъэпкъ кьэс езыхэм я хабзэ яIэж хъуащ. Нэхь пасэм щхьэцыкIыхь, Iув птелыныр яфIэдахэу щытащ. Апхуэдэ щхьэцыр зытелъын хуейуэ кьалъытэри цIыхухъэрат, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ахэр нэхъ хахуэу, лIыгъэ нэхъ яхэлъу кьалъытэрт. Бзылъхугъэхэри щхьэцыIувым, кIыхьым игъэдахэу ялытэрти, щхьэцыр пIащIэми, парик зытралъхьэныр къыз эрыгуэкIыу абжу щытащ.

Парикыр кьэзыгупсысар африканхэрауэ хуагъэфащэ. Ар ящIын папщIэ псэущхьэхэм яцхэмрэ удэхэм я жэпкымрэ кьагъэсэбэнырт. Пасэрей мыСырхэм я парикхэр я теплъэкIи къызыхэщIыкIакIи адрейхэм кьащхьэщыкIырт. Ар кIапсэ ухэнамрэ лотосым и пкъымрэ кьыхахыу арат.

Куэд кьыбжиIэрт

ЩХЬЭЦЫМ и зэщIэкъуэкIмкIэ, и кIыхьагъымкIэ пхуэзэхэгъэкIырт цIыхур зыщIыщIакъуэр. Псальэм папщIэ, пащтыхьхэм, пащтыхь гуащэхэм я щхьэцхэр лъагэу яIэтырт, унэIутхэм, мэкъумэшыщIэхэм, зауэлIхэм я щхьэцхэр кьызэрыгуэкIыу жьа кьудейуэ арат.

Ину къэIэтауэ щхьэцыр зэщIэзыкъуэр мысырхэм я закъуэтэкъым, атIэ ассирийцхэри персхэри ерыщт абыкIэ.

Пасэрей Алыджым щыпсэуэахэм я щхьэцыр зэращI щыкIэр ящыгъ кIэстумкэр зэрызэтедзам ещхьт. Апхуэдэу, щхьэцыр ягъэщIэрэщIэн щхьэкIэ, абы хуагъэса унэIутхэри яIэт. Альдж бзылъхугъэхэм я щхьэцхэм лентI зэмыфэгъуэхэр хальхьэурэ кьэIэтырти, ар нэхъ дахэжу ягъэщIэрэщIэжырт.

А лъэхъэнэм цIыхэу хуэмыфэхэрат модэм нэхъ кьеэзгъри, зи щхьэц фIыщIэхэми ар сырыхуу ирагъэрт. Пльыфэм и закъуэтэкъым гулыитэ зыхуащIыр, атIэ Iэмэл зэмыщIыхэр кьэрыгъэсбэзэпэрэ хьыджэбзэхэм я щхьэцхэр ягъэтIэрэзэрыт. Ар нэхъыбэрэ иIыгъым папщIэ хъар цIыкIу фIалъхьэрт.

● Фэ фщIэрэ?

Классикэм тохуэ

КЛАССИКЭ щхьэц зэщIэкъуэкIэу нэхъапэм ябжу щытар алыдж ухуэныкIэрщ. Абы каримбоскIэ фIж эрт. Щхьэцыр нэлъуэрэ зэгуэхырт, ягъэутIэрэзэырт аби, натIэм екIуэкIыу къыIуалъхьэрт. Альджхэм кьызэралытэмкIэ, бзылъхугъэм и натIэр цIыкIуу щытын хуейт. Абы ипкъ итклэ, щхьэцымрэ набдзэмрэ я зэхуэкум тIуалэ хуэдиз кьагъанэу арат. НэкIубгъумкIэ кьелэлэххэр зэхуэхьэсырти, щхьэ цIыкIымкIэ щауэныр т Ар шпилык эклэ е лентIкIэ ирагъэубыдыр.

Урымхэми яфIэфIт щхьэцыр ягъэдэ жну. Абыхэм нэхьбэу щхьэц жьар щIыбымкIэ щрадзыхырти, щхьэцхэу дахэ хальхьэрт. Ауэ языныкъуэхэми яухуэныртри, щхьэм и хьуреягъкIэ кьрашэкIыр, натIэм деж барин тIэкIу кьагъанэуурэ. Абыхэм я щхьэц щыкIэр адрейхэм кьаззрихэщыр налкъутналмэсхэмкIэ зэрыгъэщIэрэщIарт.

IэлъэщI зытралъхьэ

КУРЫТ лIэщIыгъуэхэм бзылъхугъэхэм щхьэтепхьэгъэр зытралъхьэу кьаублащ. Абы Iэмал кьаритыртэкъым щхьэцыр льагэу, е дахэ у зэщIакъуэну. Уеблэмэ, щхьэц гъэутIэрэзэныгуэныхь пылъу кьалъытэ хьури, ари зэхэнащ.

XII-XIII лIэщIыгъу зэхэм щIыхубзхэм Iэльэщ зытралъхьащ. Махуэшхуэхэм зекIуэ Iэльэщ Iэкъ плыифэ нэхъ г уакIуэу, нэхъ гъэщIэгъуэну зытралъхьэрт, кьызэрыгуэкI махуэхэм елаIэрэгъэкъым. Iэльэщ щIагъкIи щIэль щхьэцэхэр ауэ кьедэхьауэ арат е сетюкIэ зэхуэхьэсырт.

Абы иужькIэ щхьэц гъэутIэрэзныныр аргуэру кьежьэжащ. Икли пасэрей усыгъэхэм кьызэрыхэщыжьымкIэ, усакIуэ нуэ тетхьхьащ щхьэц барт. нэ дахэ зытелъ хьыджэбзхэм.

ШЫФЭКЪУЖ Санэ.



Мыракъэ Азрэт цIыкIу гъэмахуэр фIыуэ щIилъагъур?!

● Теплъэгъуэхэр

● Шхыныгъуэхэр

МыIэрысэ зыдэлъ хьэлывэ

МыIэрысэ хъуар зэхадз, и кIыр кьрач, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, зэгуагъэж, жьилэр кьрах, кьэнар бзылъэ щIыкIуурэ ящIащIатэ, шынакъым иралъхьэри, абы фошыгъу хакIутэ, псывэ тIэкIу щIакIэри, мафIэм трагъэувэ. ИтIанэ и щхьэр техауэ Iув хьуху кьагъавэ, щIэх-щIэхьыурэ зэлащIэурэ. МыIэрысэ вар кьытрахьжри ягъэущIыIу. ИужькIэ Iэнэм хьэжыгъэ тIэкIу трагъэщащэри, абы тралъхьэ пщагъэ хэлъу ящта тхьэвар, г 50-60 хъуэ зэлаущI, мм 2-3 я Iувагъыу яку. Абы и щIыIм мыIэрысэ ягъэхьэзырар тралъхьэ, я кIапэхэр зэрагъэубыдри, хьэкулъэкIэ хьэзыр хъуку ягъажьэ. Хуабэри щIыIэм ящх.

Хальхьэхэр:

Тхьэвым:

Гуэдз хэжьыгъэу - грамм 400

Псыуэ - грамми 180-рэ

Пщагъэу - грамм 10

Шыгъу - грамми 2

Фошыгъуэ - грамм 20

Хальхьэм дэлъыныр:

МыIэрысэ упщIэтауэ - грамм 300

Фошыгъуэ - грамм 50

Псыуэ - грамми 10

Тебэщыкуэу - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **9.** Мывэ зэрамыщIэж. **10.** Гъэмахуэм уэшхыщхуэ кьыщешхкIэ, пшэхэм кьахэIукI макъ. **11.** Жьы лъэпкъ кьыщемыпщэ, хьэуар щыпхэримыкьу зэман. **12.** Зи жылэхэр фIыщIэ хъу, хущхьэгъэуэу кьагъэсэбэп кьэкIыгъэ. Е махуэщIэ. **13.** ПхьэIэпэм зэредж нэгъуэщIыщIэ. **14.** Щыхь инлъэпкъ. Е цIыку кьарурурфIэ. **21.** Хьэцэпэцэхэм я щхьэкIэ. **24.** Iугъуэм кьыхокIри уэнжакъым кIэрещIэ. **25.** IэмыкIуэлъэмыкIуэ. **26.** Iпэ адыгэ усакIуэхэм ящыщIу. Усыгъэхэм кьадэкIуэу, псалъэжь, жьIэгъуэ тельыдджэ куэд кьыщIэнащ. И цIэр Налшык и уэрамхэм ящыщ зым зэрехьэ. **29.** Цыху тепльаджэ. **30.** Уэс зэратхъу. **31.** Гъатхэм пасэу кьэлъэтэж кьащхьэгъэбзу. **35.** ЩIыпIэ хуабэхэм кьраш пхъэщхьэмыщхьэ, и кум пкъы иIуу. **36.** РСФСР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Сибэч … **38.** Кьэрмокъуэ Мухьэмэд и роман. Е цIыхухъуцIэ. **39.** IэкIуэлъаIуэу лъэжьыгъэ зыгъэзащIэ. **42.** … зэхэуэгъуэ. **47.** Хьэпlащ кьаруурфIэ цIыкIу. **49.** … кьэкIыгъэщ гъэмахуэм кьрахьэлIэж хьэпэпэгъэр. **51.** Кьалъэщхэм я Iэтащхьэм я кьулыкъуэ зэредж. **52.** Кьулейсыз, щыгъынкIэ, щхынкIэ зыхуей хуэмызэ. **53.** Кьэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз усакIуэ, ди республикэм и тхакIуэхэм я зэгухьэныгъэми «Iуащхьэмахуэ» журналми я тхъэмадзэу щыта.

Къехьу: **1.** Бэджым и хьым кьихуэ хабзэ псэущхьэ. **2.** Шы емылыджыр зэрагъэIэсэ кIапсэшхуэ. **3.** ЖьIэмыдаIуэ, щхьэзыфIэфI. **4.** Пасэрей фоч, щтачкIэ ягъауэу. **5.** Налшык дэт автобусхэм, троллейбусхэм зэ итIыхьхэ-гъуэм анхуэдизэ хуоз. **6.** Хьыджэбзыр апхуэдизкIэ дахэти, щIалэхэр … ищIат. **7.** ЩIагъыбзэ зыщIэлъ хуэ лIуужьыгъуэ. АбыкIэ Iэзэу щытащ урыс усакIуэщхуэ И. Крыловыр. Ди адыгэхэм ящыщу я жанрым нэхъ дехьэх Къагъырмэс Борис. **8.** Iуэхугъуэ гуэр щыблIжьыкIуей пIалъэ. Е, адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, … зимыIэ щIэкIым. **15.** ЛIыгъэшхуэ зыхэлъ, кьимыкIуэт. **16.** Пхъэ уадэшхуэ. **17.** ИкIи министрщ, икIи адыгэ спектаклхэр зыгъэув режиссерщ. **18.** ГъущI куэбжэ зиIэ гъущI мастэ … **19.** Жыг … е джэдыкIэ …**20.** Псыежэх кьиуам кьрихьэх пхъэ, жыг хуэдэхэр. **22.** ХадэхэкIыр Iисраф зыщI дзыгъэушхуэ. **23.** Ерыскым дзы кьыхуэзыгъэуту хьэлыншIэу зызыщI. **27.** Вакъэдыжым и Iэмэпсымэ. **28.** Пасэрей зэрыпщджэ Iащэ. **32.** Шым и фэ. **33.** Жыг лIэужьыгъуэ: псэуалъэпхьи кьыхах, пхъэ гъэсыныфIи мэхьу. **34.** ЩIы кьнуда. **37.** Зэпымыууэ уэс зытелъ бгы. **40.** УсакIуэ, «Нур» адыгэ сабий журналым и кьызэгъэпэщакIуэ. **41.** ЩIымахуэ щыгъын хуабэ. **43.** Iэщ зепхуэмэ, мэкъумылэ кьэпщэхуну ухуэмейм э, апхуэдэ Iэмэпсымэ уимыIэу хьунукъым. **44.** ЕджапIуэхэр зыдэс, щытхэ. **45.** Джанэм … инаиц. **46.** Мэлыр … хьуащ. **48.** Чы цIыкIум кьыхащIыкI кумбыгъэ нартыху, нэгъуэщI ерыскъыпхъэхэр иракIутэн папщIэ. **50.** Бэзэрыр … щIы-пIэщ.

Зэхэзылъхьар **МЫЗАХЬМЭДЩ.**

Бадзэуэгъуэм и 23-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **5.** Кьаныкъуэ. **6.** Бахъэн. **10.** Щауэкъуэт. **11.** «Зэхэлъэт». **12.** Гудзэ.**13.** Щуей. **14.** Бедакъ. **17.**Ныш. **18.** Уэщ. **23.**Хамут. **24.** Гъыбзэ. **26.** Гущэ. **29.** Дотэнжу.**30.** «Гъащэгъаныу». **31.** Гуэбэшы. **32.** Бжьыныкъ.

Къехьу: **1**. «Дамэлей». **2.** ДыщэкI. **3.** Ахъмэт. **4.** Бэрэжьей. **7.** ЩIалэгъуэ. **8.** Гуэдз. **9.** Къэрабэ.**15.** Ашэ. **16.** Пут. **19.** Ушаков.**20.** Къэмакъ.**21.** Мухьэрэб. **22.** Хьысэныт. **25.** «Мэлэч». **27.** Щам. **28.** Бабыщ.

● Цыхушхэхэм я гупсысэхэр

Дахагъэр уахътыншэкъым

«Хэкум и Iугъуэри гурыхьщ.

«Уэ жьыIэ псалъэм хуэдэщ жэуапу зэхэпхынури.

«ХамэщI ущыгъуэщэн нэхьрэ нэхь Iей щыIэкъым.

«Бзылъхугъэр зыгъэдахэр и щэхуагъ-ырщ.

«ЖьыIэн хуеи жьыIэ мыхъуни щыIэщ.

«Дахагъэр уахътыншэкъым.

«ЗэфIэфгъэкIа Iуэхур гугъэнсэхущ.

«Сытми и гъэм иIэжщ: ущсэльэнуи зэман хэха иIэщ, зыбгъэнсэхунуми и сыхьэт бжьыгъэ иIэжщ.

Мы псалъэ Iущхэр зейр пасэрей алыдж усакIуэ щIэрыIуэ, «Одиссея», «Илиада» поэмэхэр зытха Гомерщ.

Ар щыпсэуа лъэпкъэр ямыгъэбелджылыфу нобэр кьызджсым щIэныгъэлIэкIэр иридзауэ. Нэхъ пасэм кьэхутакIуэхэр пIалъэ зыбжанэм кьытеувыIауэ щытащ: ди эрэм и пэкIэ XII лIэщIыгъуэм кьыщыщIэдзауэ VII лIэщIыгъуэм нэс.

Гомер и творчествэм и пэщIэдзэр зытехуэр ди эрэм и пэкIэ 907 гъэрауэ хуагъэфащэ. Ауэ, дауэ щымытми, ди эрэм и пэкIэ VII лIэщIыгъуэм пасэрей усакIуэхэм я Iэдакъэщ Iэкъэм Гомер и псэльафэхэр кьыщагъэльагъуэ, абы и тхыгъэхэм щыщ Iыхьэхэр кьыщагъэсэбэн.

Нэхь пасэм щыIа биографхэм кьалытэрт Гомер Азие ЦIыкIум щыIэ Ион псы Iуфэм кьыщалъхуауэ. Абы щыхьэт тохъуэ усакIуэм и поэмэхэр ион диалекткIэ зэрыгъаг. Альдж эпиграммэхэм ятепщIыхьэ, усакIуэм и хэкуу кьалытэну хуейуэ кьалIыбл зодауэ: Смирнэ, Хиос, Колофон, Пилос, Аргос, Итакэ, Афинхэр.

Гомерыр алыджыIыкIым. Азие ЦIыкIум и бзэкIэ абы «пэф» жиIэу кьокI, пасэрей алыджыбзэкIэ зэпхъэжкIэ «гъэр» жиIэу аращ.

Биографиехэм кьызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, Гомер пэф хьуа нэужьщ поэмэхэр тхыныи яужь щихьар. Гомер Алыджым и щIыпIэ куэдым кьыщыщIадзащ, усакIуэхэм я зэпеуэ куэдым хэтащ. Хьыбархэм кьызэрыхэщIыжымкIэ, ар и Iэдакъэщ IэкъэмкIэ алыдж усакIуэ ящыщ щIэрыIуэ дыдэхэм ящыщ Гесиод пеуащ. ЩIэныгъэлI нэхьыбэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, «Одиссея», «Илиада» поэмэхэр усакIуэм щитхар Иониерщ (Азие ЦIыкIу), ди эрэм и пэкIэ VIII лIэщIыгъуэрщ. Поэмэхэм лъабжьэ яхуэхьуар Троя зауэм теухуа Iуэрыгуэтэрщ.

Нэхъ пасэм Гомер итхауэ кьалытэу щытар «Одиссея», «Илиада» поэмэхэм я закъуэкъым, атIэ нэгъуэщI усыгъэ зыбжанэ и Iэдакъэщ кьыщIэкIуэ хуагъэфащ.

Ди деж кьызэрысамкIэ, Гомер Иос хытIыгум щылIащ.

ШЫПЦ Даянэ.

● Урыс псалъэжьхэр

Куэдыр пудщ, мащIэр лъапIэщ

- **Ныбжьэгъуэгъэмрэ къуэшыгъэмрэ сыт хуэдэ къуеигъэм нэхъри нэхъ лъапIэщ.**
- **ЗэгурыIуэ здэщыIэм берычэтэ щыIэщ.**
- **Гъэуэту нашэкъащIэм жьыжьэ унигъэсынукъым.**
- **Ущизакъуэм и деж гъуэгури кIыхьщ.**
- **Пшэ зытемылъ уафэм уэшх къэхыркъым, нэщхьеягъуэ зыщIэмылъ нэхэм нэпх къащIэкIыркъым.**
- **Дэтхэнэ цIыху Iущри, къызэрыгуэкIщ.**
- **Куэдыр пудщ, мащIэр лъапIэщ.**
- **ЩIакъуэр пудщ ахъшэ ущиIэм деж.**
- **Жыгыр псынщIэу хасэ щхьэкIэ, къыпыкIэнум куэдрэ йожьэ.**
- **ХьэщIэм пщIэ хуэзыщI бысымым и щIыхьыр инщ.**

● Хъуэхъу

«Заман» газетым и бухгалтер нэхъыщхьэ, Налшык къалэ хьыхь Iэдииху куейм щыпсэу Къуэжей Ларисэ Петр и пхъур къыщалъхуа махуэщ, илъэс 50 ирокъури, дохъуэхъу

ПщIэ зыхуэтщI, фIыуэ тлъагъу Ларисэ, уи махуэ-щхуэмкIэ дынохьуэхъу! Уи дахагъэм, цIыхугъэм, нэмысым кIэрымыхуу, дэрэжэгъуэмрэ гуфIэгъуэмрэ уи куэду, уи щхьэгъусэ Борис кьыпкъуэту уи щIалэхэм я насып укIыпIэлпIыну, абыхэм я щIэблэм уригушхуэу, берычэтым ущымыщIэу гъащIэшхуэ къэбгъащIэну, цIыхубзым и гур зыщIэхъуэпсэ, насыпу кьилъэтэ псори кьохъулIэмэ ди гуапэщи, укъыщалъхуа махуэр зыхихубыдэ Рэмэдан мазэ лъапIэм Тхьэр фIыкIэ кьыпхуэупсэ.

Уи лэжьэгъуэхэр, ныбжьэгъуэхэр.

● Гушыlэхэр

Щай уриуасэкъым

Зэныбжьэгъу щIалитI зодауэ, хэт нэхъ цIыху мыхьэнэшэми зэхатэкIыну. Зыр нэхь бзаджэу кьыщIэкIри, и ныбжьэгъур иришэжащ. Автобус къэувыIэпIэм деж щыт таксим бгъэдэкьри, йоупщI:

- Нэгумэм и уэрамым нэс дапщэ сызэрыпшэнур, си къуэш?

- ТумэнипщI.

- Си ныбжьэгъур си гъусэмэ-щэ?

- Апхуэдиз дыдэ.

Зигу зэгъа щIалэм и ныбжьэгъум зыхуеГаазэри, жеIэ:

- БжесIатэкъэ, Инал, щай уэрримыуасэр.

ГубзыгъитIыр зопсалъэ

Экзаменыр щекIуэкIым егъэжакIуэр студентым йоупщI:

- Экзаменыр зищIысым ущыгъуазэ уэ, щIалэ?

- Ар зы предметым теухуауэ щIыхь губзыгъитIым зэдграгъэкIуэкI псалъэмакъщ, - жи студентым.

- Пэжщ, ауэ а тIум я зыр акъылынпшэмэ-щэ? - щIоупщIэ профессорыр.

- Абы щыгъуэ етIуанэм стипендие кьимыхьыну аращ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

● Цыхушхэхэм я гупсысэхэр

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIымыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ),**Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ГъущIо Зариф, Итэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ цыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешIапIэ и къатэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхугъэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхугъэ IапIэхэм ядэлажьэмкIэ - 42-60-53; къыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; етъуэлджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхугъэ IапIэм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъэуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтехуэ зэныт щыгъкым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пащ дольщ КЪБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрыкIэ жэуап ехь КЪБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №П-0065-м щIэту ягъащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытредзащ. КЪБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ цыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьыкIэщ*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДышэкI Соня, редактору Льостэн Муэз, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.)*, ПхытIыкI Юрэ *(1, 2-нэ нап.)*, корректорхэм я дэлэныкъуэгъу Мырзэкан ФатIимэ, *компьютерыIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытредзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 8.885 ● Заказ №2049